

Anèks

Soumisyon Ekri:

- Commission Épiscopale Nationale Justice et Paix: Paj 2
- Equal Health, Social Medicine Alumni (SMAH): Paj 21
- Kolektif Jistis Min Paj 25
- Konbit Ekolojis Sid Paj 29
- Sosyete Kiltirèl Jen Ayisyen Paj 33

Nòt Entevyou:

- Mouvman Fanm, Mouvman Peyizan Papay Paj 36



Commission Episcopale Nationale Justice et Paix Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

Secrétariat national
BP 1572, Port-au-Prince
Haïti BP 6110,
56, angle Rue Piquant et Lamarre
Tél. 29 43 00 79
cenjp@yahoo.com/
www.justicepaixhaiti.org.ht



SÈVIS DOSYE MIN YO AK KOMINIKASYON,
SEKRETARYA NASYONAL KOMISYON EPISKOPAL NASYONAL JISTIS AK LAPÈ
PÒTOPRENS, AYITI.

M. Maill Robert GOURDET.
responsab
Pòtoprens, 01/ 06/2022.



REPONS CE-JILAP BAY KLINIK JISTIS GLOBAL INIVÈSITE NOUYÒK, NAN KAD RAPÒ LI GEN POU REMÈT RAPÒTÈ ESPESYAL NASYONZINI AN, M. ACHIUME, SOU CHANJMAN KLIMATIK AK DISKRIMINASYON RASYAL NAN PEYI D AYITI.

CHANJMAN KLIMATIK :

NIMEWO ↓	KESYON YO KLINIK JISTIS GLOBAL POZE CE-JILAP ↓	REPONS YO CE-JILAP BAY KLINIK JISTIS GLOBAL POZE L YO ↓
1 →	ÈSKE W KONN TANDE PALE DE TÈM <<CHANJMAN KLIMATIK ?	<p>Wi. CE-JILAP ki se yon manm nan Pastoral Sosyal Legliz Katolik ki okipe l de zafè Dwa Moun yo nan peyi d Ayiti konn tandè pale tèm sa a, sansib anpil ak li, epi apwoche l atravè Dosye Min yo, nan kad aks travay anviwonmantal plan estratejik Komisyon an.</p>
1.1 →	KISA KI VIN NAN LESPRI W LÈ W TANDE TÈM SA?	<p>Lè CE-JILAP tandè tèm sa a : <<CHANJMAN KLIMATIK>>, Komisyon an wè <u>gwo ris ak menas ki plane sou lavi, latè, limanite ki riske detwi ak degradasyon anviwonman an, dérègleman klima a ak tout ekosistèm natirèl tè a.</u></p> <p>Konsa, lè CE-JILAP tandè tèm sa a, sa ki vin nan lespri l tou swit se : tout prediksyon katastwofik anpil gwo syantifik nan mond lan pa sispann fè depi kèk tan pou prevni nou de tout move konsekans fenomèn <<CHANJMAN KLIMATIK>> la, limanite pwovoke, kapab genyen, tankou :</p> <p>rechofman klima a/ gwo glasye nan mond lan k ap fin fonn nèt/ nivo lanmè yo k ap ogmante/ anpil zile ak zòn kotyè nan mond lan ki kapab disparèt nèt anba lanmè/ plis pètibasyon atmosferik, ogmantasyon fenomèn natirèl yo (plis siklòn, lapli, inondasyon, eripsyon vòlkanik, sounami, polisyon lè n ap respire a, sechrès, ewozyon), maladi, famin, lagè ak kriz jeneralize nan tout domèn aktivite nan mond lan (sosal-</p>

		<p>politik-ekonomik, elatriye) si nou tout, nou chak moun, patikilyèman dirijan peyi yo, sitou gwo pisans mondyal yo, pa aji vit pou pran bonjan desizyon pou estabilize tanperati planèt tè a, epi evite li pase a 2 degre C, pou sove planèt la ak tout anviwonman an.</p>
1.2 →	KIJAN OU KONPRANN LI ?	<p>CE-JILAP ki wè, konprann ak konsidere lavi a se yon kado, yon gras lanati ba nou, e nou chak gen obligasyon pou respekte, pwoteje ak prezève l. Konsa nou kwè chak moun, fanm kou gason, chak sosyete, chak pèp, chak gouvènman, chak peyi gen responsablite pou toujou aji ak travay pou pwoteje ekilib ekosistèm natirèl lavi a sou latè, nan respekte ak pwoteje lavi, latè, anviwonman an ak tout sa ki kenbe ekilib natirèl la. Sa pèmèt lè Komisyon an tande tèm sa a : <<CHANJMAN KLIMATIK>>, li konprann tout swit genyen : gwo mank respè pou Lavi, Lanati ak Anviwonman an, patikilyèman ekilib natirèl klima planèt tè a bò kote ni dirijan yo ni dirije. Nan jan y ap plede jiskaprezan itilize tout resous natirèl yo san okenn respè pou anviwonman an ak klima a, fè klima a ap chanje sou nou e menase detwi lavi sou latè. Se yo gwo pwoblèm mondyal ki merite pou chak moun, fanm, kou gason, chak pèp, chak dirijan nan mond lan pote kontribisyon pa yo pou sove klima.</p>
ENPAK :		
2 →	KI ENPAK OUBYEN KONSEKANS OU WÈ AN AYITI ?	<p>Pou sa ki konsène peyi d Ayiti, obsèvasyon CE-JILAP fè atravè aks travay anviwonman an montre li, menm jan ak anpil lòt peyi nan mond lan, sitou peyi Sid yo, PMA yo, Ayiti viktim anpil ak fenomèn <<CHANJMAN KLIMATIK>> la. E, youn nan kote move konsekans fenomèn sa a pi vizib se nan anviwonman peyi a ak agrikilti a. Depi fen 20èm syèk la pou rive jouk jounen jodi a nan premye mwatye 21èm syèk la genyen anpil pètibasyon nan klima natirèl peyi a. Menmsi kòm yon peyi twopikal, Ayiti genyen</p>

pratikman 2 gwo sezon : yon sezon cho, ak yon sezon imid, depi kèk tan Komisyon an obsève sezon cho yo vini pi cho pandan sezon imid yo ap vini cho tou. Sitiyasyon chanjman klimatik sa a genyen gwo enpak katastwofik sou anviwonman an ak agrikilti a. Anplis, anpil kote nan peyi a, agrikiltè yo ki te deja vilnerab, paske yo pa jwenn okenn sipò finansye ak teknik pou yo fè pwodiksyon agrikòl yo, vin pa konn kisa pou yo fè ankò tèlman tè a vin pi paka pwodui ni kalite ak kantite manje yo te konn pwodui. Vin gen plis sechrès, vin gen mwens tè kiltivab, vin gen plis difikilte pou kiltivatè yo jwenn kantite dlo nesèsè pou yo wouze tè yo, e anpil fwa lè yo reyisi plante kèk semans, yo pèdi rekòt la swa akòz sechrès, twòp lapli, twòp van, swa akòz plis maladi ki vin ap ravaje rekòl yo. Se ka pa egzanp tout varyete pitimi ayisyen yo. Konsa tou, aktivite elvaj la ak lapèch vin diminye nèt nan peyi a parapò ak jan sa te konn ye lontan, pou plizyè rezon : mank vizyon politik dirijan yo ki pa investi ase nan sektè agrikòl la, mank mwayen ekonomik ak teknik elvè yo ak pechè yo, men tou akòz degradasyon jeneralize anviwonman peyi a, pa egzanp chanjman klimatik la ki fè genyen mwens manje disponib pou nourri bèt yo, dlo lanmè a k ap vini pi cho chak jou pi plis epi ki gen tandans ap monte fè yon pakèt nan ekosistèm lanmè a ki vin ap diminye kantite pwason pechè yo te konn abitye peche.

Komisyon an obsève epi konstate peyi d Ayiti viktim anpil ak **fenomèn EL NIÑO epi LA NIÑA** a sitou nan dènye mwatye 20èm syèk la ki te bay anpil pètibasyon atmosferik nan peyi a, tankou : gwo siklòn devastatè (**Jilbè Gòdon**) pou n site sa yo sèlman, san konte plizyè lòt ki pase nan 1mye mwatye 21èm syèk la tankou : **Jàn ki te bay anpil gwo inondasyon ki tye anpil moun ak fè gwo dega materyèl nan vil Gonayiv ak Fonvèrèt nan lwès peyi a/ Ana/ Ayk/ Jòj/ Matchou ki te devaste depatman Grandans, patikilyèman vil Jeremi, elatriye.**

		<p>Mensi sa rete pou pwouve syantifikman ; men anpirikman, komisyon an panse tout aktivite sismik yo ki vin pi plis nan peyi a depi kèk tan, tankou :</p> <p>gwo tranblemann tè madi 12 janvyè 2010 la ki te kraze vil Pòtoprens epi fè plis pase 300.000 mò, plizyè milye blese ak andikape, ak plizyè santèn milya goud dega materyèl, san konte lòt gwo tranblemann tè samdi 14 dawou 2021 ki te fè gwo dega nan Gran Sid peyi a an ak tout replik li yo, se youn nan move konsekans fenomèn <<CHANJMAN KLIMATIK>> k ap frape Ayiti didi.</p>
2.1 →	<p>KI ENPAK KI FÈ PI PLIS DEGA ?</p>	<p>Pou CE-JILAP enpak <<CHANJMAN KLIMATIK>> la ki fè plis dega nan peyi D Ayiti se :</p> <p>dérègleman sezon yo nan peyi a, agravasyon pètibasyon atmosferik yo ak ogmantasyon fenomèn natirèl yo, tankou : repetisyon tranblemann tè yo nan peyi a ak tout move konsekans li gen sou aktivite agrikòl yo, elvaj ak lapèch.</p>
2.2 →	<p>KÒMAN KOMINOTE W OUBYEN KOMINOTE TOU PRE W YO WÈ CHANJMAN KLIMATIK LA ?</p>	<p>Pou sa ki konsène CE-JILAP ki se yon rezo nasyonal Dwa Moun ki prezan atravè plis pase 300 Pawas an Ayiti, prefere reponn kesyon sa a yon fason nasyonal.</p> <p>Nasyonalman, an Ayiti, tematik <<CHANJMAN KLIMATIK>> se yon pwoblematik ki pa gen twò lontan depi divès òganizasyon nan sosyete sivil la kòmanse abòde l epi sensibilize, enfòmè ak fòmè pi plis moun nan kominote yo sou li. Mem, se yon gwo travay ki mande anpil tan, enèji, volonte ak detèminasyon. Se pa tout moun nan peyi a ki byen konnen, konprann ak pran konsyans <<CHANJMAN KLIMATIK>> ak tout konsekans katastwofik li. Men se tout pèp ayisyen an, tout sosyete a, tout moun ki deja, nan yon fason oubyen yon lòt, kontinye ap viktim e viktim pi plis toujou fenomèn sa a. Poutan, gen lespwa, paske</p>

		<p>gras ak travay plizyè òganizasyon nan sosyete sivil nasyonal ak lokal yo anpil kote nan peyi a, vin gen pi plis moun ki kòmanse sansibilize, pi byen enfòme ak pran konsyans de tematik sa a ak pwoblematik li souve.</p> <p>Se konsa, divès lit anpil kominote nan peyi a ap mennen anfavè respè dwa anviwonmantal yo, tankou :</p> <p>lit kont reyalizasyon tout pwojè esplwatasyon min k ap vyole Dwa Moun yo nan kominote ki dirèkteman konène ak plan dènve Gouvènman ayisyen yo pou konsede bay gwo konpayi miltinasyonal etranje yon bon pati nan teritwa Gran Nò peyi d Ayiti pou vin esplwate min metalik, rantre drèt dirèk nan lojik batay ekolojik mondyal, rejyonal ak nasyonal, k ap mennen kont <<CHANJMAN KLIMATIK>> pou sove klima a, lavi, ekosistèm natirèl planèt tè a, limanite ak anviwonman an.</p>
2.3 →	ÈSKE MOUN YO SEVI AK TEM SA A?	<p>Obsèvasyon, aksyon ak eksperyans CE-JILAP nan kominote yo, nan peyi a, pèmè li yon ti kras satisfè pou reponn :</p> <p>WI pi plis moun nan peyi a, nan sosyete a, nan kominote yo, pèsòn fizik kou pèsòn moral, sèvi ak aji ak tematik <<CHANJMAN KLIMATIK>> ; menmsi anpil fwa yo pa toujou pran an konsiderasyon tout sous, konsekans, anje ak defi fenomèn sa a move ajisman majorite limanite parapò ak itilizasyon, esplwatasyon, tout resous natirèl sitou non renouvlab yo pwovoke.</p>
2.4 →	SINON KOUMAN YO PALE SOU REYALITE CHANJMAN SA A ?	

<p>CHANJMAN KLIMATIK AK DISKRIMINASYON KI CHITA SOU KESYON RAS AK LÒT KALITEDISKRIMINASYON :</p> <p>Rapòte Espesyal la mete atansyon li sou ki enpak chanjman klimatik kominote pep nwa yo ap sibi. Li byen dokimante moun nwa ki rete tout kote nan mond lan k ap soufri enpak chanjman klimatik pi grav pase lòt kominote yo.</p>		

NIMEWO ↓	KESYON YO KLINIK JISTIS GLOBAL POZE CE-JILAP ↓	REPONS YO CE-JILAP BAY KLINIK JISTIS GLOBAL POZE L YO ↓
3 →	<p>KOUMAN OU KONPRANN DISKRIMINASYON KI CHITA SOU KESYON RAS NAN KONTÈKS SA A?</p>	<p>Nan kontèks sa a, CE-JILAP konprann fenomèn <<CHANJMAN KLIMATIK>> la se youn nan gwo konsekans diskriminasyon rasyal la nan mond lan, ki limenm soti nan lojik dominasyon moun kont moun nan, pi gwo kraze pi piti a, sistèm enperyalis – kapitalis - estraktivis gwo pisans mondyal yo. Sa ki fè diskriminasyon rasyal la ak anpil lòt diskriminasyon ankò ; nan yon fason ki pi kache kounye a, kontinye ap ranfòse tout kalite vye desizyon politik, vye aksyon, ajisman ak konpòtman k ap fin souse, esplwate, piye epi itilize, gaspiye, san okenn respè pou diyite ak Dwa Moun yo, lavi a anjeneral, lanati ak tout ekosistèm natirèl yo, Planèt tè a ak tout anviwonman an, tout resous sitou non renouvlab planèt la, tankou pa egzanp : min enèjetik ak metalik yo. Sa ki mete kreye anpil anpil pwoblèm ekolojik- sosyal-ekonomik-politik-kiltirèl elatriye nan mond lan, chanje klima latè, degrade chak jou pi plis anviwonman an, riske etenn lavi sou tè a ak detwi bèl planèt tè a ki se yon gras, yon kado lanati Bondye ba nou nou tout, nou chak, renmen, pwoteje ak konsève.</p> <p>Nan kout kat sa a, se sitou peyi yo di ki mwens avanse yo (PME) yo, peyi Sid yo, tankou Ayiti k ap sibi pi plis, nan tout aspè lavi nasyonal yo, tout move konsekans diskriminasyon rasyal lojik dominasyon sistèm enperyalis – kapitalis - estraktivis gwo pisans mondyal yo pwovoke.</p> <p>TWÒP ! SE TWÒP ATÒ ! KOUNYE A, LÈ A RIVE POU N FÈ FAS AK REYALITE A, MANIFESTE VOLONTE, AK PRAN KONSYANS DEGA NOU FÈ <<PACHA MAMA>> <<MANMAN TÈ>>, POU NOU DETÈMINE :</p>

		<p>KIYÈS KI KOUPAB, AK PLIS KOUPAB ? KIYÈS KI VIKTIM, AK PLIS VIKTIM ?</p> <p>KIYÈS KI DWE PEYE, AK PLIS PEYE POU FOT YO ?</p> <p>E KI MEYÈ FASON, ANSANM N AP FÈ POU REZOU, YON FASON DIRAB AK EFIKAS NAN ENTERÈ TOUT LIMANITE, PWOBLÈM YO KI KONSÈNE NOU TOUT, SOVE LAVI, KLIMA A, ANVIWONMAN AN AK <<PACHA MAMA>> <<MANMAN TÈ>> ?</p>
<p>3.1 →</p>	<p>Nou enterese nan refleksyon ou nan nivo peyi a. Jan Ayiti se yon peyi nwa, epi li te premye peyi nwa nan mond lan, epi tou nivo kominote a.</p> <p>ÈSKE OU WÈ OSINON VIV LÒT KALITE DISKRIMINASYON SOU KÈK KATEGORI MOUN KI LAKOZ YO SIBI KONSEKANS OSINON ENPAK CHANJMAN KLIMATIK LA?</p> <p>Ban nou plis detay. Pa egzanp: fanm, moun andikape, peyizan, kominote popilè.</p>	<p>CE-JILAP k ap fè pwomosyon ak defans respè diyite moun ak Dwa Moun yo depi plis pase 50 lane nan peyi D Ayiti, viv, obsève ak konstate tout yon seri lòt diskriminasyon divès kategori moun sibi nan peyi a ki lakòz yo viktim, oubyen plis viktim konsekans chanjman klimatik la. Komisyon an kapab site pa egzanp :</p> <p>Peyizan (agrikiltè yo, elvè yo ak pechè, komèsan agrikòl sektè enfòmèl la, tankou: madan sara yo, elatriye) yo, kote majorite nan yo, paske y ap viv nan seksyon riral ak kominal yo lwen sant gran vil yo, pou tèt anpil nan yo iletre, paske yo retwouve yo nan klas sosyal ak ekonomik yo konsidere ki pi ba a, klas mas yo, viktim anpil diskriminasyon soyal. Majorite sosyete ayisyèn nan rele yo epi konsidere yo se <<moun an deyò>>, <<gwo zòtèy>>, <<moun mòn, abitan san konesans ak kilti>> elatriye.</p> <p>Sa ki esplike, Leta santral la ak otorite lokal yo pa bay kategori sa ki enpòtan anpil nan sosyete a tout enpòtans li ta dwe genyen. Konsa olye pou Gouvènman ayisyen yo ta investi pi plis nan sektè agrikòl la ak peyizan yo pou sektè esansyèl sa a pou devlopman ak pwogrè peyi a, yo pito kontinye ap trete sektè agrikòl la ak tout peyizan yo, agrikiltè yo, an paran pòv chak jou</p>

pi plis. Rezilta sa bay, sektè agrikòl peyi a ap fin deperi, e peyizan agrikòl yo ki manke ase enfòmasyon, fòmasyon ak api finansye ak teknik, pa prèske okouran de fenomèn <<**CHANJMAN KLIMATIK**>> la, tout konsekans li genyen, patikilyèman sou sektè yo a, kontinye rete ap viktim move konsekans fenomèn nan, san paran konsyans pou kolektivman pou aji ak fòse otorite konsène yo aji pou frennen <<**CHANJMAN KLIMATIK**>> la nan mond lan ak move enpak li gen nan peyi a.







Komisyon an ap siyale, pami kategori moun nou site la a nan egzanp lan, fanm payizan kiltivatè yo, se gwoup ki pi plis viktim nan kategori s a, paske anplis diskriminasyon sosyal espesifik sa a, yo sibi tou diskriminasyon paske yo se fanm, sa vle di ki chita sou jan yo.

Yon lòt pa, fenomèn <<CHANJMAN KLIMATIK>> alenvès ranfòse anpil lòt fenomèn, tankou :

Fenomèn ekzòd rural la, fenomèn bidonvilizasyon nan gran vil yo nan peyi a, fenomèn migrasyon entèn, fenomèn sipopilasyon kaseral la, fenomèn ensekirite jeneralize nan peyi a, klima laterè abanditism ak ktiminalite a patikilyèman nan kapital ayisyèn nan Pòtoprens, ki vin plis ranfòse tout yon seri diskriminasyon divès kategori moun kontinye ap sibi an Ayiti. Komisyon an ka site pa egzanp :

Diskriminasyon ki fèt sou moun k ap viv nan katye ki pi vilnerab yo nan peyi a, katye popilè yo, yo souvan rele <<katye moun pòv yo>>. Konsa, anpil moun konsidere tout moun k ap viv nan katye sa yo kòm << bandi>>, kòm << moun ki pa gen anyen bon yo kapab fè sèlman tout sa ki mal yo>>, elatriye, pou n site sa yo sèlman.






EFÒ K AP FÈT POU KONBAT CHANJMAN KLIMATIK LA :

NIMEWO 	KESYON YO KLINIK JISTIS GLOBAL POZE CE-JILAP 	REPONS YO CE-JILAP BAY KLINIK JISTIS GLOBAL POZE L YO 
4 	ÈSKE W KONN TANDE PALE SOU PWOGRAM MONDYAL K AP SIPÒTE JEFÒ POU DIMINYE KONSEKANS CHANJMAN KLIMATIK LA AN AYITI?	<p>CE-JILAP kon tande pale de Konferans Nasyonzini abitye reyalize sou klima a (KOP-1 jiska KÒ-26 la), kote dirijan divès peyi nan mond lan, pami ladan yo dirijan ayisyen yo, konn chita pale sou pwoblematik klima a ak pran yon ansanm gwo desizyon ak angajman pou frennen pwoblèm nan oubyen rezoud li. Kote youn nan desizyon pase yo ki te pran, se te kreye yon fon mondyal disponib pou ede peyi PME yo lite kont rechofman klimatik la epi fè fas kare ak tout move konsekans li genyen nan peyi sa yo. Poutan, reyalite a ba nou, antouka pou sa ki konsène Ayiti, otorite konsène yo nan peyi a pa mete popilasyon an okouran si wi ou non gen yon kèlkonk pwogram mondyal ki vize sipòte jefò k ap fèt nan peyi a pou diminye konsekans <<CHANJMAN KLIMATIK>>.</p> <p>Kidonk, Komisyon an pa vrèman konnen.</p>
4.1 	SI WI, KI KALTE PWOGRAM YO YE? KIYÈS KI NAN TÈT YO?	
4.2 	ÈSKE OU OKOURAN PWOGRAM OUBYEN JEFÒ POU NAN NIVO MONDYAL K AP FÈT POU ADRESE OUBYEN NOU TA KA DI POU DIMINYE ENPAK CHANJMAN KLIMATIK LA ?	<p>CE-JILAP okouran de divès jefò k ap fèt nan nivo mondyal pou adrese ak redui enpak chanjman klimatik la nan mond lan. Efò sa yo soti divès kote : kote dirijan peyi yo, kote sosyete sivil divès popilasyon anpil peyi ak rejyon nan mond lan, kote militan ekolojik yo sitou ki kontinye batay avèk anpil volonte detèminasyon ak estrateji sa mande pou fòse dirijan yo, patikilyèman dirijan gwo pisans mondyal yo, pi gwo responsab degradasyon anviwonman an ak chanjman klimatik la pran responsablite yo nan sans sa. Genyen plizyè lajan ki debloke swa</p>

		nan nivo sistèm Nasyonzini an, nan Inyon Ewopeyèn elatriyen an sans sa a tou. Men yon fason espesifik e detaye, Komisyon pa okouran si gen yon pwogram mondyal espesyal pou sa.
4.3 →	ÈKE OTORITE LOKAL NAN ZÒN W AP VIV LA TRAVAY SOU KESYON CHANJMAN KLIMATIK LA, TANKOU NAN BAY ENFÒMASYON SOU FENOMÈN NAN?	<p>Menm jan pou kesyon 2.1 an, pou sa ki konsène CE-JILAP ki se yon rezo nasyonal Dwa Moun ki prezan atravè plis pase 300 Pawas an Ayiti, prefere reponn kesyon sa a yon fason nasyonal.</p> <p>Sètènman, Komisyon an rete kwè nan nivo Leta santal la gen travay ki konn fèt sou tematik chanjman klimatik la atravè domèn anviwonman an. Nou kapab site kòm egzanp Ministè : Anviwonman (ME), Ministè Tavo piblik Transpò ak Kominikasyon (MTPTC) atravè Unite Ayisyèn Meteyowoloji (UHM), Ministè Afè Etranjè ak KIL (MAEC) pou n site sa yo sèlman. Men nou pa okouran si tout otorite lokal yo nan peyi a konn travay sou kesyon << CHANJMAN KLIMATIK>>, men komisyon an konnen genyen plizyè kalte otorite lokal, tankou : KAZEK, MAJISTRA KOMINAL pou n site sa yo sèlman ki sansibilize ak enfòmasyon sou pwoblematik <<CHANJMAN KLIMATIK>> la. Men Komisyon an pa vrèman konnen si yo travay ofisyèlman sou yo.</p>
4.4 →	- ÈSKE GEN JEFÒ OTORITE YO AP FÈ NAN SANS S A?	CE-JILAP sèten gen kèk jefò otorite ayisyen yo fè kanmenm nan sans sa a. Men yo minim anpil epi popilasyon an pa twò okouran de yo. Kidonk, ofinal nou pratikman pa konnen.
4.5 →	- ÈSKE ONG K AP ENTÈVNI NAN ZÒN NAN TRAVAY SOU KESYON S A?	<p>Menm jan pou kesyon 2.1 ak 4.3 a, pou sa ki konsène CE-JILAP ki se yon rezo nasyonal Dwa Moun ki prezan atravè plis pase 300 Pawas an Ayiti, prefere reponn kesyon sa a yon fason nasyonal.</p> <p>Dirèkteman oubyen endirèkteman, gen divès òganizasyon nan sosyete sivil nasyonal kou lokal k ap entèvni nan peyi a ki travay sou kesyon <<CHANJMAN KLIMATIK>>, prensipalman sa ki gen</p>

		<p>anviwonman kòm chan travay yo, e/oubyen ki gen anviwonman an kòm youn nan aks travay yo.</p>
<p>4.6 →</p>	<p>KOUMAN NOU WÈ EFÒ AK PWOGRAM SA YO?</p>	<p>CE-JILAP ap prefere reponn pa rapò ak jefò ki fèt yo olye pwogram yo.</p> <p>Wi, gen anpil jefò ki deja fèt nan nivo mondyal, nan nivo rejyonal ak nan plizyè peyi nan nivo nasyonal pou adrese ak diminye move konsekans <<CHANJMAN KLIMATIK>>; men nou lwen toujou pou jwenn rezilta nou bezwen yo .</p> <p>Reyalite a montre Komisyon an, malgre tout jefò sa yo ki fèt, kontrèman ak swadizan volonte plizyè gwo pisans mondyal ta genyen pou rezoud pwoblèm klima a, majorite angajman ak desizyon ki pran nan divès KOP yò kòm solisyon ak pwoblèm nan, se de fo solisyon ki pap ede ede rezoud pwoblèm nan vre. Se de solisyon ki sitou vize toujou pran ankonsiderasyon sistèm dominasyon kapitalis – estraktivis mondyal lam jan li ye a avèk sèlman kèk ti modifikasyon ki toujou nan dezavantaj majorite popilasyon mondyal la.</p> <p>Poutan, menm lè sa parèt difisil oubyen menm enposib, men gen lespwa pwoblèm nan kapab diminye oubyen rezoud yon fason dirab ak efikas. Lespwa a n ap pale a chita nan fòs volonte, detèminasyon ak kapasite popilasyon yo pou yo lite ak reziste pou viv e viv byen nan yon anviwonman sen, yon ekosistèm natirèl ekilibre, yon planèt an bòn sante kote sistèm dominasyon an sou tout fòm sistèm dominasyon peze soue a dwe kaba e ap kaba pou bay lavi yon chans pou li fleri ak boujonnen toupatou, tout kote sou tè a.</p>
<p>*****</p>		
<p>KOZ AK RESPONSABILITE :</p>		

Nou rekonèt chanjman klimatik se yon reyalyite moun sou latè kreye; se pa yon pwosesis lanati ba nou.

NIMEWO 	KESYON YO KLINIK JISTIS GLOBAL POZE CE-JILAP 	REPONS YO CE-JILAP BAY KESYON KLINIK JISTIS GLOBAL POZE L YO 
5 	KIYÈS OU KWÈ KI RESPONSAB KRIZ CHANJMAN KLIMATIK LA?	<p>CE-JILAP kwè fenomèn <<CHANJMAN KLIMATIK LA>> ki pa yon fenomèn natirèl men pito pwovoke pa tout move desizyon politik, ekonomik, sosyal ...dirijan yo nan mond lan, tout move aksyon, ajisman ak konpòtman limanite k ap itilize, esplwate ak fin gaspiye tout resous sitou non renouvlab latè yo, san okenn respè pou diyite ak Dwa Moun yo, pou lavi, ekosistèm natirèl planèt tè a, anviwonman an ak pwòp tèt li, <u>se tout limanite ki gen responsablite nan sa.</u></p> <p>Men, An tout jistis, Komisyon an rete kwè gen responsablite ak responsablite. Gen sa ki plis responsab e gen sa ki plis viktim. Li pa yon sekre pou pèsonn pisans ki ekonomikman pi rich nan mond lan se yo menm ki plis responsab chanjman klimatik la, paske pou rive nan nivo richès sa a, sa yo menm yo rele devlopman an, yo kreye yon sistèm dominasyon peze souse pou esplwate ak ankouraje ak fòse moun esplwate epi itilize yon fason ekzajere tout ti rès resous disponib yo sou tè a. Sa ki bay yon ekwasyon debalanse, miwo miba, kote yon ti kras popilasyon ak peyi nan mond lan gen twa ka (3/4) richès mondyal la nan menm yo, pandan majorite popilasyon mondyal la posede sèlman yon ka (1/4) richès sa ki fè yo toujou nan mizè ak plis mizè. Se ka pa egzanp peyi d’Ayiti, pèp ayisyen an.</p> <p>FÒK SA CHANJE ! JISTIS KLIMATIK LA PAKA TANN !</p>
5.1 		Daprè repons 5 lan CE-JILAP bay, li kapab di sa vle di sa sa vle di a. Pou pi klè pou nou tout, nou chak moun sou latè, pèsan fizik

	<p>SA SA VLE DI, KI AKTÈ, KI PEYI, KI MOUN OU KWÈ KI SE RESPONSAB POU DEGA N AP VIV JOUNEN JODI A ?</p>	<p>kou moral, toupatou tout kote yo twouve yo, gen yon pa responsablite nan pwoblèm nan. Men responsablite nou chak pa menm. Plis responsablite yo se dirijan peyi yo sitou gwo pisans mondyal yo, gwo polyè anviwonman an, ki genyen l. Men se tout limanite ki pa sispann souffri de move politik, move chwa ekonomik, move desizyon, aksyon ajisman ak konpòtman yo genyen ak ankouraje epi pouse anpil moun genyen nan mond lan ki pa nan avantaj <<PACHA MAMA>> ak tout ANVIWONMAN, patikilyèman KLIMA a. Konsa, << JISTIS KLIMATIK >> la nesesè ak enpòtan anpil pou sove ak prezève LAVI LIMANITE, EKOSISTÈ NATIRÈL PLANÈT la, <<PACHA MAMA>> a ak tout ANVIWONMAN an.</p>
5.2 →	<p>KOUMAN W FÈ KONN SA ?</p>	<p>Konesans, obsèvasyon, konsta ak doulè reyalyite tout abi ak vyolasyon diyite ak dwa inivèsèl moun yo nan mond lan, patikilyèman nan peyi d Ayiti CE-JILAP ap viv ki fè l konn sa.</p>
NIMEWO ↓	<p>KESYON YO KLINIK JISTIS GLOBAL POZE CE-JILAP ↓</p>	<p>REPONS YO CE-JILAP BAY KLINIK JISTIS GLOBAL POZE L YO ↓</p>
5.3 →	<p>ÈSKE W KWÈ MOUN NAN KOMINOTE W OKOURAN KÒZ LA ? Se enpòtan popilasyon Ayisyen an konprann se pa noumenm ki kreye pwoblèm sa a; memsi se noumenm k ap souffri anpil anba li</p>	<p>Menm jan pou kesyon 2.1 ak 4.3 a, pou sa ki konsène CE-JILAP ki se yon rezo nasyonal Dwa Moun ki prezan atravè plis pase 300 Pawas an Ayiti, prefere reponn kesyon sa a yon fason nasyonal.</p> <p>Aktyèlman, menmsi gen pi plis moun nan peyi a ak nan anpil kominote nan pwovens Ayiti yo ki okouran kòz la. Men Komisyon an pa kwè majorite popilasyon ayisyèn nan okouran vrè kòz <<CHANJMAN KLIMATIK LA>>.</p>

		Kidonk, li enpòtan pou travay kontinye fèt nan peyi a nan sans sa a.
5.4 →	ÈSKE W KWÈ LI ENPÒTAN POU POPILASYON AN KONNEN KİYÈS KI RESPONSAB ?	Wi.
5.5 →	POUKISA W DI WI OUBYEN POUKISA W DI NON ?	CE-JILAP kwè li enpòtan anpil pou tout popilasyon ayisyèn nan sitou ki se youn nan viktim chanjman klimatik la byen konnen kiyès ki pi responsab pwoblèm <<CHANJMAN KLIMATIK LA>> pou yo kapab plis paran konsyans ak angaje yo lit pou redwi konsekans chanjman klimatik la epi ekzije jwenn <<JISTIS KLIMATIK >> la.
JISTIS KLIMATIK :		
NIMEWO ↓	KESYON YO KLINIK JISTIS GLOBAL POZE CE-JILAP ↓	REPONS YO CE-JILAP BAY KLINIK JISTIS GLOBAL POZE L YO ↓
6 →	KISA SA VLE DI <<JISTIS KLIMATIK>> ?	<p>Nan yon langaj CE-JILAP kwè ki pi senp e tout moun kapab konprann, jistis klimatik la se :</p> <p><<Tout aplikasyon angajman, priz pozisyon ak ekzekisyon tout mezi ak desizyon politik, ekolojik, ekonomik, sosyal, teknolojik ak syantifik, elatriye dirijan nan mond lan, sitou pi gwo pisans mondyal yo, ak gwo konpayi miltinasyon pi gwo polyè anviwonman yo pou frennen chanjman klimatik la, kenbe ekilib natirèl klima latè pou li pa ogmante, pou sove planèt tè a ak anviwonman an, pandan y ap repare tout pil ak pakèt dega <<CHANJMAN KLIMATIK LA>>fè nan mond lan, patikilyèman nan PME yo, tankou peyi d’Ayiti pa egzanp>>.</p>

6.1 →

KI AKSYON W KWÈ <<JISTIS KLIMATIK>> EGZIJE NOU PRAN ?

Aksyon CE-JILAP kwè <<JISTIS KLIMATIK>> egzije nou pran se :

- 1) Enfòm nou ak fòm nou pi plis sou tout sa ki gen awè ak tematik sa a pou n kapab sansibilize, efòm ak fòm pi plis moun posib nan tout sektè yo, piblik kou prive, sou pwoblematik la pou yo vin pran konsyans oubyen plis konsayans nesese ki genyen pou yo angaje yo nan lit pou jistis klimatik la, pandan yo chak nan nivo pa yo, tout kote yo kapab, ak tout mwayen yo kapab, aji pou frennen konsekans chanjman klimatik la pou sove anviwonman an ak planèt tè ;
- 2) Mobilize pi plis moun, pi plis kominote, pi plis sektè nan peyi a angaje yo aktivman nan lit k ap menen ni nan nivo nasyonal, rejyonal ak mondyal an favè <<JISTIS KLIMATIK>> ;
- 3) Kontinye lite avèk pi bon plan, estrateji ak metòd pa egzanp kont esplwatasyon min ak reyalizasyon tout pwojè esplwatasyon min k ap vyole dwa moun yo toupatou nan mond lan, tankou nan peyi d Ayiti ;
- 4) Konstwi rezotaj ak alyans nasyonal, rejyonal ak entènasyonal nesese nan kad lit la, epi bati bonjan plan, pwogram, pwojè, pi bon estrateji, pou menen tout bonjan aksyon pou ekzije ak fòse aktè ki pi responsab <<CHANJMAN KLIMATIK>> la pran rekonèt tò yo, ak pran responsablite yo an favè <<JISTIS KLIMATIK>>...

Konba sa a pa fasil ditou ; men li pa enposib nonplis.

LAPEREZ :

NIMEWO ↓	KESYON YO KLINIK JISTIS GLOBAL POZE CE-JILAP ↓	REPONS YO CE-JILAP BAY KLINIK JISTIS GLOBAL POZE L YO ↓
7 →	KISA W PLIS PÈ AK REYALITE <<CHANJMAN KLIMATIK>> LA?	CE-JILAP plis pè pou, efektivman jan syantifik yo pa sispann prevni sa a, tanperati klima latè a pa monte a 2 degre C.

REPONS KÒRÈK :

NIMEWO ↓	KESYON YO KLINIK JISTIS GLOBAL POZE CE-JILAP ↓	REPONS YO CE-JILAP BAY KLINIK JISTIS GLOBAL POZE L YO ↓
8 →	SI OUMENM OU TE YON DIREKTÈ PWOGRAM NASYONAL POU FRENNEN AK KONBAT <<CHANJMAN KLIMATIK >> LA AN AYITI, KISA W T AP FÈ ?	<p>Si CE-JILAP t ap dirije pwogram nasyonal pou frennen ak konbat <<'CHANJMAN KLIMATIK >> la an Ayiti, li t ap :</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Sansibilize ak enfòmè pi plis moun nan popilasyon an, tout sektè nan lavi nasyonal la, piblik kou prive, sou pwoblematik la, yon fason pou gen yon konsyans nasyonal ki pran sou nesosite, enpòtans ak ijans ki genyen pou tout sosyete a, peyi d Ayiti, angaje l aktivman nan lit k ap menen pou frennen konsekans chanjman klimatik la, reyekilibre tanperati natirèl planèt la, ekosistèm natirèl yo, pwoteje anviwonman an ak sove <<MANMAN TÈ>> sa latino ameriken yo rele <<PACHA MAMA>> A ; 2) Ansanm ak tout lòt enstitisyon ak òganisation nasyonal, kominotè lokal yo kou rejyonal ak entènasyonal konstwi yon rezo alyans djanm pou pi byen bati plan, estrateji efikas ak tout aksyon nesèsè pou ekzije ak fòse leta ayisyen, otorite lokal yo ak tout

		<p>tout pi gwo responsab <<CHANJMAN KLIMATIK >> la pran responsablite yo nan sans <<JISTIS KLIMATIK>> la ;</p> <p>3) Ankouraje ak Akonpaye, nan tout fason n kapab tout bon inisyativ nasyonal ak kominotè k ap pran nan sosyete ayisyèn nan anfavè frennen oubyen rezoud degradasyon anviwonman peyi a, tankou lit ki déjà ap mennen nan peyi d Ayiti kont reyalizasyon tout pwojè esplwatasyon min k ap vyole dwa moun yo nan kominote yo ak rès peyi a, tankou pa egzanp pwojè reyalizasyon esplwatasyon min metalik yo nan gran nò Repiblik d Ayiti.</p>
<p>8.1 →</p>	<p>KISA PRIYORITE W T AP YE ?</p>	<p>Priyorite CE-JILAP t ap :</p> <p>1) Sensibilizasyon, enfòmasyon ak fòmasyon kominote ki gen kategori moun ki plis vilnerab ak <<CHANJMAN KLIMATIK>> la ;</p> <p>2) Sensibilize ak fè pledwaye nasyonal ak entènasyonal ansanm ak lòt enstistasyon, òganizasyon ak kominote ki vle bò kote otorite Leta santral ak lokal yo pou pran tout desizyon ak aksyon nesèsè pou frennen <<CHANJMAN KLIMATIK >> la, entèdi tout reyalizasyon pwojè esplwatasyon min k ap vyole dwa moun yo, ak tout aksyon, aktivite, ajisman ak konpòtman k ap degrade anviwonman peyi a.</p>

LÒT AJOU :		
NIMEWO ↓	KESYON YO KLINIK JISTIS GLOBAL POZE CE-JILAP ↓	REPONS YO CE-JILAP BAY KLINIK JISTIS GLOBAL POZE L YO ↓
9 →	ÈKE GEN LÒT KÒMANTÈ OU VLE BAY RAPÒTÈ ESPESYAL LA	NON.

POU OTANTIFIKASYON



**Mme. Jocelyne COLAS,
Direktris nasyonal**

Equal Health SocMed Alumni Haiti (SMAH)

Kesyon k ap Alimante Dokiman sou Chanjman Klimatik ak Diskriminasyon ki Chita sou Kesyon Ras nan Peyi Dayiti

Youri Louis

1. **Chanjman klimatik:** Eske ou konn tande pale de tem chanjman klimatik la? Kisa ki vin nan lespri w le ou tande tèm sa? Kijan ou konprann li?
R: wi mwen konn tande pale de tem chanjman klimatik la. Sa ki monte nan lespri m se: kapitalis, adaptasyon, lamizè, inegalite sosyal, katastròf natirèl, rechofman klimatik

2. **Enpak:** Ki enpak oubyen konsekans w ap wè?

- Ki enpak fè pi plis dega?
- Kouman kominote w oubyen kominote toupre w konprann chanjman klimatik? Eske moun yo sèvi ak tèm sa? Si non, kouman yo pale sou reyalte chanjman sa a?

R: Chanjman klimatik la gen anpil konsekans sou peyi dayiti. Li gen konsekans sou:

1- Agrikilti peyi a

Depi plizyè lane latè nan provens Ayiti yo vin pi difisil pou pwodui manje akòz lapli a ki preske pa tonbe. Anpil peyizan paka plante ankò oubyen pèdi rekòlt yo. E lè lapli resitonbe, li tonbe anpil sa ki lakoz inondasyon, kote gwo dlo ravaje jaden ak plantasyon yo. gen anpil produi nou te konn produi tankou kafe, kann ki prèske disparèt sou sòl Ayisyen an.

2- Sante

Lapli preske pa tonbe, gen rivyè ak sous dlo ki menm seche, sa afekte agrikilti a. E tout faktè sa yo ki mete ansanm genyen gwo enpak sou sante popilasyon sa yo ki viv de agrikilti. Gen yen plis maladi tankou: malnitrisyon, dezidratasyon, anemi, depresyon.

3- Lavi social ak ekonomik

chanjman klimatik la afekte sitiyasyon ekonomik plantè ak agrikiltè, paske sete agrikilti a ki te sous revni yo, sitiyasyon sa fè ke yo oblije al chaje lòt travay pou yo fè, sa ki ogmante to chomaj la. Anpil nan yo oblije kite provens yo pou al nan kapital la pou chaje lavi, sa ki ogmante bidonvil yo nan kapital la. Gen lot ki deside kite peyi a, al chache lavi nan lòt peyi.

Anpil bagay ke nou te konn produi, kounya se enpòte nap enpòte yo soti lòt kote, sa ki rann lavi a pi chè, enflatyon an ekzajere, popilasyon an nan gwo difikilte pou manje chak jou.

4- Katastròf natirèl

Depi plizyè lane, yo konstate ke genyen plis katastròf natirèl nan peyi a. Genyen plis ouragan, siklòn, inondasyon, glisman teren.

Gen anpil moun ki pa konnen kisa chanjman klimatik la ye, yo selman konsate fè sa yo e konsidere yo tankou yon peyi ki ap degrade, on peyi ki modi.

1. **Chanjman klimatik ak diskriminasyon ki chita sou kesyon ras ak lot kalite diskriminasyon:** Rapòte Espesyal la mete atansyon li sou ki enpak chanjman klimatik kominote pep nwa ap sible. Li byen dokimante moun nwa ki rete tout kote nan mond lan ap souffri enpak chanjman klimatik pi grav pase lòt kominote.
 - Kouman ou konprann diskriminasyon ki chita sou kesyon ras nan kontèks sa a? Nou enterese nan refleksyon ou nan nivo peyi a—jan Ayiti se yon peyi nwa, epi li te premye peyi nwa nan mond lan—epitou nivo kominote a.
 - Eske ou wè osinon viv lòt kalite diskriminasyon sou kèk kategori moun ki lakoz yo sibi konsekans osinon enpak chanjman klimatik? Ban nou plis detay. Pa egzanp: fanm, moun andikape, peyizan, kominote popilè

R: Mwen kapab di ke peyi dayiti se yon peyi ki sible depi lè li pran endepandans li, anpil gwo peyi pat vle rekonèt sa. Yo fè nou peye lajan, prete lajan ak gwo enterè mete anbago sou peyi a. Jounen jodia Ayiti se yon peye ki frajil, enstabilite politik mete ak lamizè, ensekirite pou fini ak pèp la. Ayiti se youn nan peyi ki pwodui mwens gaz ki toksik pou anviwonman, pakont se youn nan peyi ki trè touche pa konsekans chanjman klimatik la.

Konsekans sa yo ap ajoute sou mizè ak traka pèp la, kote gwo peyi ki pwodi plis gaz ki kontribiye nan chanjman klimatik la pa afekte menm jan ak Ayiti, paske yo gen mwayen pou yo adapte yo ak chanjman, depi yo ka adapte yo sa pa gade yo si Ayiti li menm pa gen mwayen ak resous pou kontrekare efe chanjman klimatik la. Puiske yo ka adapte yo, yap kontinye pwodi gaz a efè desè kap ravaje epi kreye plis povrete nan ti peyi tankou Ayiti.

Peyizan yo sibi anpil, mank resous ak mank akonpanyeman fè yo oblije kite agrikilti pou al fè lòt aktivite.

Kominote nan zòn provens rekile yo, yo bliye kominote sa yo, ki konn pa jwenn pyès sipò nan menm gouvènman oubyen lòt òganizasyon.

1. **Efò Konbat Chanjman Klimatik:** Eske ou konn tande pale sou pwogram mondyal ki ap sipote jefo pou diminye konsekans chanjman klimatik an Ayiti? Si wi, ki kalite pwogram yo ye? Ki yès ki nan tèt yo?
 - Eske ou okouran pwogram oubyen efò nivo mondyal pou adrese oubyen nou ta ka di mitige enpak chanjman klimatik?
 - Eske otorite lokal nan zòn w ap viv la ap travay sou kesyon chanjman klimatik la, tankou nan bay enfòmasyon sou fenomene lan? Eske gen jefo otorite yo ap fè nan sans sa?
 - Eske ONG ki ap entevni nan zòn lan ap travay sou kesyon chanjman klimatik la?
 - Kouman ou wè efò ak pwogram sa yo?

Non

1. **Kòz ak Responsabilite:** Nou rekonèt chanjman klimatik se yon reyalyte moun sou latè kreye; se pa yon pwosesis lanati bay nou. Ki yès ou kwè responsab pou kriz chanjman klimatik la? Sa vle di, ki aktè ekonomik, ki peyi, ki moun ou kwè se responsab pou dega n ap viv jounen jodi a?
 - Kouman ou fè konnen sa?
 - Eske ou kwè lòt moun nan kominote w okouran kòz la? Se enpòtan popilasyon Ayisyen konprann se pa nou menm ki kreye pwoblèm sa; memsi se nou menm k ap soufri anba li anpil
 - Eske ou kwè li enpòtan pou popilasyon nan konprann ki yès ki responsab? Poukisa ou di wi oubyen non?

Genyen plizyè nivo responsabilite

Gen yon premye nivo responsabilite, kote tout moun ki egziste nan mond sa a responsab de chanjman klimatik.

Men si nap gade done yo, nap wè peyi ki produi plis gaz a efè desè yo se peyi devlope e endistriyalize yo. Yo investi nan gwo konpayi ka produi anpil dechè, men ki bay yo anpil lajan, yon sistem kapitalis ki pa pran ankont kijan lot peyi ki pa gen mwayen yo afekte.

Se pa on bagay ke popilasyon an konsyan de li, se selman yo we yap sibi men yo pa konprann.

1. **Jistsi Klimatik:** Ki sa vle di “jistis klimatik?” Ki aksyon ou kwè jistis klimatik ekzije nou prann?

Jistis klimatik la taka vle di pou mwen: Yon ekilib kote popilasyon an sispan sibi konsekans aksyon lòt peyi oubyen yo gen ase resous pou fè fas ak adapte yo ak chanjman klimatik la menm jan ak lot peyi.

Peyi ki kontribiye plis nan chanjman klimatik la sipoze kontribiye nan sipòte peyi ki pa gen anpil mwayen yo tankou Ayiti. Mete on komisyon jistis klimatik sou pye kap travay dirèkteman ak moun ki nan zòn rekilte yo ki repoze sou agrikilti. Plis asistans dirèk nan ka katastròf natirèl.

2. **Laperèz:** Ki sa ou pi plis pè ak reyalyte chanjman klimatik la?

R: Destriksyon agrikilti Ayisyen an nèt

Ignorans otorite lokal yo sou koman yo dwe mete sa kòm yon priyorite

3. **Repons Korèk:** Si ou menm te yon direktè pwogram nasyonal pou mitige ak konbat chanjman klimatik an Ayiti, ki sa ou ta fè? Ki sa priyorite ou ta ye?

Priyorite yo dwe:

-Akonpanye dirèkteman peyizan yo.

-Monte on program natyonal rebwazman

-Fè pledwaye pou gouvènman an, mete plis lajan nan anviwonman ak batay kont chanjman klimatik la

- Fè pledwaye pou kominote entenasyonal la konprann koman aksyon yo gen gwo enpak sou peyi tankou Ayiti, ak mande plis sipò kominote entènasyonal la.
- Si kominote entènasyonal la vle ede, kowòdone aksyon yo sou teren yo epi enplike peyizan yo nan repons lan.

Lòt Ajou: Eske ou gen nenpòt ki lòt komante ou vle voye bay Rapòte Espesyal la?

Sa se kek resous ki kapab itilize :

<https://www.lapresse.ca/international/caraibes/2021-02-21/la-presse-en-haiti/aux-premieres-loges-du-dereglement-climatique.php>

https://www.secours-catholique.org/actualites/haiti-a-lheure-des-changements-climatiques?gclid=CjwKCAjws8yUBhA1EiwAi_tpEbbT1grUzbszanZuL0DA6je0o9ccMLYL4mmPpRApP254yAyPFsdjVRoCykkQAvD_BwE

<https://reliefweb.int/report/haiti/ha-ti-l-heure-des-changements-climatiques>

<https://www.alterpresse.org/spip.php?article27721>

SOKIJA

Kesyon k ap Alimante Dokiman sou Chanjman Klimatik ak Diskriminasyon ki Chita sou Kesyon Ras nan Peyi Dayiti

1. Chanjman klimatik: Eske ou konn tande pale de tem chanjman klimatik la? Kisa ki vin nan lespri w le ou tande tèm sa? Kijan ou konprann li?

R- Wi mwen souvan tande pale sou tèm chanjman klimatik la. Gen plizyè bagay ki vini nan lespri m tankou : sezon yo ki chanje, peryòd ki te konn gen lapli se Sechrès, gen gwo chalè nou pat konn abitye santi, gen anpil gwo siklòn ak inondasyon tou, tè yo ki paka bay menm randman, jaden yo ki ap pèdi akòz gen anpil solèy.

Reyalite sa nou ap pale a, nou pa itilize Konsèp chanjman klimatik paske klima te toujou konn ap chanje. Nou plis pale sou kriz klimatik . Lavi moun, bèt makonnen ak sa ki anviwonnen li. Nou vin rive nan yon kalfou kote tèlman gen move aksyon yo poze sou anviwonman an, lavi moun ak lavi anviwonman vin ap degrade. Anviwonman an kise kad pou lavi boujonnen an vin paka ranpli wòl sa ankò. Nou vin jwenn anpil moun bezwen yon kad pou deplòtonnen lavi yo, men kad sa pa egziste. Nan sans sa, nou tonbe nan yon kriz.

2. Enpak: Ki enpak oubyen konsekans w ap wè?

- Ki enpak fè pi plis dega?

- Kouman kominote w oubyen kominote toupre w konprann chanjman klimatik? Eske moun yo sèvi ak tèm sa? Si non, kouman yo pale sou reyalte chanjman sa a ?

R- Kriz osnon dezòd klimatik la gen anpil konsekans sou peyizan k ap fè agrikilti pi plis nan peyi Dayiti. Majorite moun k ap fè agrikilti an Ayiti plis rete sou tradisyon , sa vle di yo plis pale de sezon pou yo fè jaden. Nan tan lontan depi sezon plantasyon an rive moun yo te asire ap gen lapli k ap tonbe , kidonk yo ka plante san kè kase. Men ak pwoblèm chanjman klimatik yo, vin gen plis chans swa ou jwenn solèy sèlman oubyen twòp lapli , oubyen siklòn pase detwi tout sa li jwenn sou pasaj li ,sa ki pral fè peyizan an kite déjà gen gwo difikilte ekonomik pèdi lajan ak enèji li te mete pou fè jaden an. Sitiyasyon sa fè anpil jaden pèdi, tè yo paka bay randman ki vin lakòz gen mwens manje pou moun manje, plis moun ki ap souffri grangou, plis moun bezwen dlo pou bwè. Anpil bèt mouri swaf dlo, anpil bèt mouri grangou ak anpil mouri akòz chalè.

Kriz osnon dezòd klimatik la gen enpak sou dlo, kote gen plis moun ki bezwen dlo pou yo bwè akòz chalè a ki moute aloske sous dlo yo ap diminye. Sa mete kominote nan yon kriz dlo ki konn debouche sou anpil « konfli ». Kriz osnon dezòd klimatik la gen enpak sou byodivèsite a kote gen divès kalte zannimo ak pyebwa ki disparèt. Gen anpil moun ak zannimo, sitou zwazo ki migre. Kidonk moun yo konprann tou chanjman klimatik se rezilta travay gwo antrepriz miltinasyon ki sèl objektif fè lajan menmsi planèt la disparèt.

Anpil moun eksplike sitiyasyon an ak mo pa yo. Yo pa vrèman itilize mo « kriz klimatik osnon dezòd klimatik la ». Moun ki pwotestan yo te fè anpil peyizan konnen se modi peyi a modi, se chatiman bondye. Men gras ak kèk òganizasyon nan sosyete sivil la ki akonpanye anpil asosyasyon peyizan, anpil nan yo koumanse konpran reyalte chanjman klimatik yo e koumanse jwenn kèk fòmil adapte. Yo koumanse gade ki altènatif yo ka

adopte pou reponn ak nouvell reyalite sa a, kote yo koumanse swiv ki modifikasyon chanjman klima a pote, gade ki pwodui yo ka plante ki pi rezistan , elatriye.

3. Chanjman klimatik ak diskriminasyon ki chita sou kesyon ras ak lot kalite diskriminasyon: Rapòte Espesyal la mete atansyon li sou ki enpak chanjman klimatik kominote pep nwa ap sible. Li byen dokimante moun nwa ki rete tout kote nan mond lan ap souffri enpak chanjman klimatik pi grav pase lòt kominote.

- Kouman ou konprann diskriminasyon ki chita sou kesyon ras nan kontèks sa a? Nou enterese nan refleksyon ou nan nivo peyi a—jan Ayiti se yon peyi nwa, epi li te premye peyi nwa nan mond lan—epitou nivo kominote a.

- Eske ou wè osinon viv lòt kalite diskriminasyon sou kèk kategori moun ki lakoz yo sibi konsekans osinon enpak chanjman klimatik? Ban nou plis detay. Pa egzanp: fanm, moun andikape, peyizan, kominote popilè

R- Nou dwe klè se aksyon gwo antrepriz miltinasyonal yo ki lakoz gwo kriz klimatik moun ap viv jounen jodi a. Anpil nan antrepriz sa yo se nan peyi Sid yo yo al enstale yo. Kidonk, se pa rapò ak yon reprezantasyon sou baz ras yo fè l. Konsa tou, antrepriz miltinasyonal yo se nan milye riral yo, kote peyizan yo ap viv yo tabli . Kiyès ki peye konsekans yo pi plis? Se sa yo rele ti peyi ou peyi pòv yo. Youn nan bagay ki klè, sa yo rele ti peyi yo pa gen gwo endistri k ap polye vre. Sak pi gwo pwoblèm nan peyi k ap sibi yo, yo pa gen ren pou fè fas ak efè chanjman klimatik la. Yo pa gen bon lopital, yo pa gen yon sistèm agrikòl ki ka fè fas ak dega chanjman klimatik la pwovoke. Kidonk resous sa mande yo ,ti peyi sa yo pa gen ase kapasite pou reziste. Sa vin rann yo depandan , yo pa gen okenn otonomi pou bay tèt yo manje, swen sante, yo pa gen dlo ak lòt sèvis debaz pou popilasyon yo. W ap jwenn pifò peyi sa yo nan Karayib la, Amerik santral ak sou kontinan afriken an.

Nan peyi Dayiti diskriminasyon sistèm mondyal la kreye a swiv menm chema a, moun lavil ak moun andeyò pa gen menm reyalite. Pwòp leta yo bliye yo, yo pa souvan konn li, yo pa jwenn okenn ankadreman lè yo viktim nan katastwòf chanjman klimatik la pwovoke. Yo pa jwenn ni enfòmasyon , ni fòmasyon paske yo se moun andeyò, yo pa gen vwa nan diskisyon ak desizyon k ap pran yo malgre se nan non yo desizyon sa yo ap pran. Orijin yo trayi yo.

4. Efò Konbat Chanjman Klimatik: Eske ou konn tande pale sou pwogram mondyal ki ap sipote jefo pou diminye konsekans chanjman klimatik an Ayiti? Si wi, ki kalite pwogram yo ye? Ki yès ki nan tèt yo?

- Eske ou okouran pwogram oubyen efò nivo mondyal pou adrese oubyen nou ta ka di mitige enpak chanjman klimatik?

- Eske otorite lokal nan zòn w ap viv la ap travay sou kesyon chanjman klimatik la, tankou nan bay enfòmasyon sou fenomene lan? Eske gen jefo otorite yo ap fè nan sans sa?

- Eske ONG ki ap entevni nan zòn lan ap travay sou kesyon chanjman klimatik la?

- Kouman ou wè efò ak pwogram sa yo?

R- Onivo mondyal gen anpil bèl pawòl ki pale, sitou atravè Kòp yo gen anpil angajman ki pran sitou nan lane 2015 nan vil Pari men an reyalite se plis pawòl men aksyon yo piti anpil. Youn nan desizyon yo sete diminye gaz efèdesè yo anvan 2030. Peyi k ap ponpe Co2 yo pa janm respekte angajman sila yo , pa gen twòp volonte ki degaje pou amelyore kondisyon planèt la k ap toufe. Gouvènman ayisyen te ratifye akò pari a nan palman ayisyen apre sa yo te pral siyen akò Ofisyèl la nan asanble jenral nasyonzi nan lane 2017 nan Nouyòk men an reyalite sete siyen pou siyen

olye gen aksyon ki poze pou amelyore sityasyon an se pimal sa vin pimal. Chak kop yo ap reyalize Leta ayisyen atravè ministè anviwonman toujou gen gwo delegasyon ki pati pou al pale anpil ak yon bilan katastwofik an tèm daksyon reyèl. Pifò inisyativ ki pran sou koze sa a plis soti bò kote yon ansanm òganizasyon ki soti nan sosyete sivil la ki konsyans sou konsekans chanjman klimatik la gen sou agrikilti famiyal agwoekolojik la, sou anviwonman peyi a yon mannyè jeneral, yo fè fòmasyon ak sansibilizasyon, yo bay ankadreman nan fè jaden ekolojik kise yon altènativ ak chanjman klimatik la epi anfas grikilti endistriyèl la kise yon kansè pou sante planèt nou an.

5. Kòz ak Responsabilite: Nou rekonèt kriz klimatik la se yon realite moun sou latè kreye; se pa yon pwosesis lanati bay nou. Ki yès ou kwè responsab pou kriz chanjman klimatik la? Sa vle di, ki aktè ekonomik, ki peyi, ki moun ou kwè se responsab pou dega n ap viv jounen jodi a?

- Kouman ou fè konnen sa?

- Eske ou kwè lòt moun nan kominote w okouran kòz la? Se enpòtan popilasyon Ayisyen konprann se pa nou menm ki kreye pwoblèm sa; memsi se nou menm k ap soufri anba li anpil

- Eske ou kwè li enpòtan pou popilasyon nan konprann ki yès ki responsab? Poukisa ou di wi oubyen non?

R-Li pa yon sekre pou pensòn kriz klimatik la se aksyon antrepriz miltinasyon yo ki nan sousi pou fè lajan ap detwi planèt la. Peyi endistriyalize yo pa gen ni etik ni moral pa rapò ak degradasyon klimatik yo malgre pwomès yo fè pou redui kantite polisyon yo koze. Youn nan bagay ki fè nou di se se paske se yo kip a janm satisfè, y ap kreye menm sa yo pa bezwen. Agrikilti endistriyèl la ap pwodui manje ki pa bon pou sante moun nan yon echèl ki depase kapasite moun ki ka manje epoutan anpil moun pa ka manje. Olye manje sa yo pwodui anplis la ta distribye bay moun ki pa gen manje yo prefere rete gate epi yo jete yo.

Li klè popilasyon an pa tout moun men anpil moun ki òganize nan mouvman sosyal ayisyen an konnen klèman se sistèm kapitalis mondyal la ki responsab tout sa k ap rive la, se pwo pisans endistriyèl yo k ap dejenere espas komen nou gen an kise manman latè. Li se yon gwo nesosite pou yo konnen sa pou yo ka denonse yo, pou egzije yo pran responsabilite yo.

6. Jistis Klimatik: Ki sa vle di “jistis klimatik?” Ki aksyon ou kwè jistis klimatik ekzije nou prann?

R: Pou m ta pale de jistis klimatik fòk m te konnen moun oubyen peyi ki vyole mezi peyi yo pran nan kad akò yo t ap sibi yon sanksyon. Men nan realite a pa gen okenn sanksyon pou peyi oubyen peyi ki konpòte yo an belijeran, ki pa respekte pwòp mezi yo siyen. Nan yon ka parèy mwen pa fin twò alèz pou pale sou jistis klimatik. Men mwen konnen se ansanm prensip yo defini yo kise :

Prensip prevansyon, prensip polyè peyè ak prekasyon ki baz jistis klimatik la.

Anpil moun kwè san sanksyon l ap difisil pou gen yon vrè jistis klimatik paske ak lajan polyè yo ka kontoune tout bagay, yo ka ogmante maj pwofi yo jis pou peye pou dega yo koze pandan yo kontinye ap fè menm aktivite k ap deranje planèt la.

7. Laperèz: Ki sa ou pi plis pè ak realite chanjman klimatik la?

R-konkrètman se tout enpak chanjman klimatik la ki fewòs. Men ogmantasyon siklòn twopikal vyolan yo ak ogmantasyon tanperati se kèk pami sa m panse ki nefas yo.

Repons Korèk: Si ou menm te yon direktè pwogram nasyonal pou mitige ak konbat chanjman klimatik an Ayiti, ki sa ou ta fè? Ki sa priyorite ou ta ye?

R. Mwen t ap ranfòse modèl agrikilti agwoekoljik yo nan peyi a , mwen t ap entèdi enplatasyon mega pwojè tankou : Min metalik , agwoendistri, m t ap ranfòse nivo forestasyon elatriye.

8. Lòt Ajou: Eske ou gen nenpòt ki lòt komante ou vle voye bay Rapòte Espesyal la?

Mete yon je patikilye sou Ayiti paske malgre li se youn nan peyi ki pi vilnerab nan kontinan an sou plan anviwonmantal gouvènman yo pa janm fè anyen pou amelyore sityasyon yo , men yo plis vle louvri vant peyi a pou pwojè ki pral agrave pwoblèm yo plis.

Pou Kolektif Jistis Min (KJM)

Franndy Lesperance

Peterson Derolusnan

Konbit Ekolojis Sid (KES)

Moun ki pote repons sa yo pou KES se Max-Imbert Marcelin, Jean Fritz Beaubrun, Gerard Marcelin

Kesyon k ap Alimante Dokiman sou Chanjman Klimatik ak Diskriminasyon ki Chita sou Kesyon Ras nan Peyi Dayiti

1. Chanjman klimatik: Eske ou konn tande pale de tem chanjman klimatik la? Kisa ki vin nan lespri w le ou tande tèm sa? Kijan ou konprann li? R-. Wi nou Konbit Ekolojis Sid nou konn kèk koze ki di sou Zafè chanjman klimatik. Koze sa a klewonnen nan kèk radyo ak kèk gwoup sitwayen k ap milite pou kòz anviwonman. Chalè a vin pi wo, sous dlo kou pi vin seche, san konte lanmè ki te fè glas ki ap fonn. Se sa nou konprann lè y ap pale sou chanjman klimatik.

2. Enpak: Ki enpak oubyen konsekans w ap wè?

- Ki enpak fè pi plis dega?

- Kouman kominote w oubyen kominote toupre w konprann chanjman klimatik? Eske moun yo sèvi ak tèm sa? Si non, kouman yo pale sou reyalte chanjman sa a?

Repons-. Kote lanmè a fè glas ap fonn, sa ki ap ogmante volim dlo a ki ap anvayi lòt zòn epi gen pwoblèm dlo sous yo k ap seche. Enpak yo ap fè gwo dega. Sa ka rive youn fè plis pase lòt. Nan ka Ayiti chalè a konn ensipòtab, li konn rive nan 31 degre. Menmlè yo gen yon konpreyansyon sou koze sa men yo itilize mo à nan sans pa yo. Yo konprann kòm yon pwoblèm diven oubyen se mond lan ki rive nan bouk paske gen anpil moun ki di yon bann pawòl ki pa kadre ak konesans jewografik-anviwonman. Menmlè yo gen yon konpreyansyon sou koze sa,men yo itilize mo à nan sans pa yo.

3. Chanjman klimatik ak diskriminasyon ki chita sou kesyon ras ak lot kalite diskriminasyon: Rapòte Espesyal la mete atansyon li sou ki enpak chanjman klimatik kominote pep nwa ap sible. Li byen dokimante moun nwa ki rete tout kote nan mond lan ap souffri enpak chanjman klimatik pi grav pase lòt kominote.

- Kouman ou konprann diskriminasyon ki chita sou kesyon ras nan kontèks sa a? Nou enterese nan refleksyon ou nan nivo peyi a—jan Ayiti se yon peyi nwa, epi li te premye peyi nwa nan mond lan—epitou nivo kominote a.

- Eske ou wè osinon viv lòt kalite diskriminasyon sou kèk kategori moun ki lakoz yo sibi konsekans osinon enpak chanjman klimatik? Ban nou plis detay. Pa egzanp: fanm, moun andikape, peyizan, kominote popilè.

Repons-. KES panse anlagan koze diskriminatwa poze yon pwoblèm idantite. Se sa k fè li manyen zafè Ras la. Tout sa nou ap konfwonte yo chita sou kesyon ras la menm. Yon kategori pou dirije, opresè, toufounen, se kolon yo, eksplwatè yo, yon lòt kategori k ap sibi, se esklav yo. Kesyon koloni : espanyol, fransè ak okipasyon etazinyen an deplimen Anviwonman peyi a nan koupe rache pyebwa yo ak pou enstale fabrikasyon yo. Anreyalite tout moun se moun men tout moun pa menm. Nan ka Ayiti, gen diskriminasyon paske se sou koze koulè ak richès li plis poze. Sou plan resous ekonomik ak levasyon gen diferans. Kòm premye peyi nan mond nwa a, koze chanjman klimatik la dwe chwal batay nou paske nou

deja nan yon zòn twopikal ki boulvèse lakòz li sou wout tanpèt sab, siklòn, tranbleman tè, move tan... Ayiti dwe fè gwo travay menmlè la syans ap avanse men konesans popilè yo ap ede nan pwoteksyon anviwonman an nan plante pye bwa, kire kannal, fè wout pou sous dlo. Douvan sa Ayiti gen pou l fè sa se yon pwelyèm. Men tipa tipa n ap ede lot moun pran konsyans sou aksyon yo dwe fè pou fè fas ak chanjman klimatik la. Peyizan ak kominote popilè yo diskrimine anpil. Deja sosyolojikman non yo konstwi sou lojik ki pou diskrimine kategori sa yo paske yo fè diferans ant moun ki travay latè kòm abitan gwo zòtèy ki pa moun lavil. Yo di yo moun fèy paske tout tan yo se ak pyebwa ak voye kout pikwa, sakle yo pase; pou kominote popilè yo ,yo di yo pòv lavi yo nan miserere. Kòm se sou baz diskriminatwa sa fèt yo panse an fonksyon konpreyansyon yo. Men sa ki enpòtan peyizan yo ak moun kominote popilè yo se 2 kategori ki gen gwo mank sou plan sosyal. Yo gen mòd pratik ki patisipe nan envante lòt mòd fason pou yo viv nan sosyete a(yo pale sou sa kòm sibzistans, gen yon lòt mo ki kalifye l, rezilyans). Pou moun andikape yo ,sa pi konplike toujou paske yo wè moun sila kòm yon mòso moun, se lè move tan ak lè tè a ap tranble moun ki pa gen andikap ka bay èd yo avèk moun sa yo. Pou fanm yo se sou baz seksis, machis sa fèt paske sosyete nou an patriyikal. Pou koze chanjman klimatik la, zafè diskriminasyon an touche kategori sosyal yo ak yon klas moun. Ann pran mòd pwojè k ap enplante nan kominote yo: enplantasyon ayewopò nan zile ilavach, enplante izin vetivè, ponp gazolin, zòn franj endistriyèl, bati otèl, elatriye nan tè ki ka bay manje. Konstwi sou tè selon yo menm se pa grav paske se peyizan, se pòv, se moun andeyò, lavi yo pa vle anyen pou envestisè yo, konpayi lokal/nasyonal, miltinasyonal yo kou pou Leta.

4. Efò Konbat Chanjman Klimatik: Eske ou konn tande pale sou pwogram mondyal ki ap sipote jefo pou diminye konsekans chanjman klimatik an Ayiti? Si wi, ki kalite pwogram yo ye? Ki yès ki nan tèt yo?

- Eske ou okouran pwogram oubyen efò nivo mondyal pou adrese oubyen nou ta ka di mitige enpak chanjman klimatik?
- Eske otorite lokal nan zòn w ap viv la ap travay sou kesyon chanjman klimatik la, tankou nan bay enfòmasyon sou fenomene lan? Eske gen jefo otorite yo ap fè nan sans sa?
- Eske ONG ki ap entevni nan zòn lan ap travay sou kesyon chanjman klimatik la?
- Kouman ou wè efò ak pwogram sa yo?

Repons-. Nou konn tande kèk enstitisyon nan entènasyonal la k ap pale sou kesyon Chanjman klimatik la. Peyi nou patisipe nan tout gwo randevou nan zafè Chanjman Klimatik la. Nwa mwa desanm pase a nan KOP 26 la peyi a te reponn ak envitasyon sa a. Ministè Anviwonman te al patisipe epi siyen rezolisyon pou siyen. Paske sa ki di ki dwe fèt yo ap pase anba pye nan nivo leta a vin jwenn ministè a pa pote kole ak lòt ministè yo pou travay ak yo kou òganizasyon enkolijis nasyonal yo kou rejyonal pou fè pwomosyon pou yo. Pale sou pwoblèm yo se youn men aji pou anpeche yo fèt se 2. Nan Depatman Sid la malgre pawòl chanjman klimatik la ap repete men responsab yo pa krent simaye pèmi pou izin vetivè al enplante nan zòn rezidansyèl kou nan espas ki ka fè diri. Direksyon Anviwonman ak lameri pa mete yo ansanm pou kwape mòd pwojè sa yo kote sitwayen yo pa sispann rele anmwey. Nan kominote nou ap viv la nou pa wè responsab lokal yo ap travay kesyon chanjman klimatik la. Yo pa mete okenn pwogram k ap sansiblize sitwayen yo sou danje sa kou pran desizyon pou frennen aksyon lòt sou Anviwonman an. Wi nou tande ONG k ap travay nan kesyon sa a chanjman klimatik la nan rejyon Sid la. Yo fè kèk fomasyon ak piblikasyon men chan aksyon limite epi yo manke patisipe nan fè presyon ak lòt òganizasyon pou pouse otorite yo aji nan liy y ap goumen an.

5. Kòz ak Responsabilite: Nou rekonèt chanjman klimatik se yon reyalite moun sou latè kreye; se pa yon pwosesis lanati bay nou. Ki yès ou kwè responsab pou kriz chanjman klimatik la? Sa vle di, ki aktè ekonomik, ki peyi, ki moun ou kwè se responsab pou dega n ap viv jounen jodi a?

- Kouman ou fè konnen sa?

- Eske ou kwè lòt moun nan kominote w okouran kòz la? Se enpòtan popilasyon Ayisyen konprann se pa nou menm ki kreye pwoblèm sa; memsi se nou menm k ap soufri anba li anpil
- Eske ou kwè li enpòtan pou popilasyon nan konprann ki yès ki responsab? Poukisa ou di wi oubyen non?

Repons 5

Kriz chanjman klimatik limanite ap viv la se zèv moun. Lè nou di moun, sa pa vle di se tout moun sou latè. Se zèv yon kategori moun, yon kategori peyi, yon kategori enstitisyon nasyonal ak entènasyonal. Aktè sila yo genyen kòm sèl grenn bousòl : ranmase lajan. Chanjman klimatik la soti nan zantray sistèm kapitalis la. Se pa san rezon, Etazini, Lachin, Lafrans, Japon, Kanada, Langletè, Lalmay, elatriye, se yo ki lotè prensipal kriz sila a. Se yo ki gen tout kalite gwo izin k ap pwodui byen ak sèvis pou yo fè anpil lajan (kapital). Rapò rechèch Nasyon Zini ak anpil gwo inivèsite nan monn montre se aktè sila yo ki lakoz kriz klimatik la.

Koz kriz chanjman klimatik la pa yon sekre pou popilasyon nan anpil peyi kote moun yo gen yon nivo edikasyon, enfòmasyon ak refleksyon ki elve. Men nan Peyi Dayiti, tandans lan divize an 2. Kategori moun nivo edikasyon, enfòmasyon ak refleksyon yo elve konnen sa ki lakoz chanjman klimatik la. Men ki yon dezyèm kategori ki pa konnen sa ki lakoz kriz sila. Anplis, genyen pami moun sila yo ki pa konnen sa yo rele chanjman klimatik la.

Li enpòtan anpil pou tout popilasyon ayisyèn nan konnen kilès aktè nan monn nan ki responsab chanjman klimatik la. Na batay y ap mennen kont rechofman klimatik la, y ap konn sou kilès pou yo fè presyon epi fòse aktè sa yo gen yon lòt konpòtman ki respekte anviwonman an.

6. Jistsi Klimatik: Ki sa vle di “jistis klimatik?” Ki aksyon ou kwè jistis klimatik ekzije nou prann?

Repons-. Nou nan Konbit Ekolojis Sid (KES) nou kwè tout moun gen menm dwa pou yo viv nan yon anviwonman ki sen. Chak moun gen devwa pou pwoteje l. Men nan sousi pou ogmante kapasite ekonomik yo, gen anpil endividi, ak konpayi miltinasyonal yo ki itilize tout mwayen pou ogmante kapasite pwodiksyon yo, sa ki vin kreye anpil deregleman sou klima a fas ak tout inegalite popilasyon yo viktim nan changman klimatik alòske se pa yo ki a loriyin pwoblèm sila yo. Otorite yo ta dwe pran tout mezi legal pou fòse moun, peyi ak gwo konpayi miltinasyonal ki responsab Changman Klimatik la pran responsabilite yo pa rapò ak sila yo ki viktim de konsekans yo. kontrenn yo pou yo respekte e pwotege anviwonman an e rapare tout domaj popilasyon an viktim, egzije pou yo respekte limit kantite gaz « à effet de serre » yo k ap pwodwi .

7. Laperèz: Ki sa ou pi plis pè ak reyalite chanjman klimatik la?

Repons-. Pou Nou nan KES, Peyi nou tèlman vilnerab, Otorite yo telman iresponsab, pa gen okenn plan pou fè fas, reziste avan, pandan e apre Konsekans Chanjman Klimatik sou diferan fòm ke yo prezante (siklòn, inondasyon, sechrès, vag chalè, ...) gen anpil inkyetid, nou pa ka pa gen laperèz.

8. Repons Korèk: Si ou menm te yon direktè pwogram nasyonal pou mitige ak konbat chanjman klimatik an Ayiti, ki sa ou ta fè? Ki sa priyorite ou ta ye?

Repons

Si nou te direktè yon pwogram nasyonal pou mitije ak konbat chanjanman klimatik, nou t ap gen yon plan aksyon ki chita sou 50 lane. Men kèk gwo pwen ki t ap nan plan sila :

- 1) Yon enstans ki dekonsantre nan tout seksyon kominal ak bitasyon pou menen tout aksyon pou pwoteksyon ak remanbreman anviwonman.
- 2) Yon pwogram rechèch syantifik ak teknoloji dekonsantre nan tout komin ak seksyon kominal. Nan ka sa, fòk ta gen plizyè inivèsite espesyalize nan pwogram sila. Nou tap plase inivèsite sa yo nan yon seri zòn estratejik nan peyi a.
- 3) Yon ajans obsèvasyon ak swivi sou anviwonman.
- 4) Remanbre tout forè natirèl yo epi kreye lòt forè, rebwaze tout tèt mòn yo
- 5) Pwoteksyon tout sous rivyè, letan, lak, resous ki nan lanmè yo.

9. Lòt Ajou: Eske ou gen nenpòt ki lòt komante ou vle voye bay Rapòte Espesyal la?

Repons

Pou rive poze bon jan aksyon ki ka bay bon jan rezilta nan batay kont chanjanman klimatik la, se tout antite ki nan Leta ak sosyete sivi la ki pou enplike. Lafanmi gen yo gwo wòl nan koze sa. Diskou kont chanjan kimatik la dwe makennen ak aksyon

SOKIJA

Kesyon sou dezòd klima

Ti pwèn pou rapòtè espesyal Nasyonziini

1. Chanjman klimatik: Eske ou konn tande pale de tem chanjman klimatik la? Kisa ki vin nan lespri w le ou tande tèm sa? Kijan ou konprann li?

R1- Nan plizyè espas òganize, mwen souvan tande pale de tèm chanjman klima a menmsi se pi plis moun ki gen chans konn li ak ekri ki itilize tèm nan. Chak fwa m tande tèm sa a, mwen santi yon kalite pèrèz paske Ayiti se yonn pami peyi ki plis menase pa konsekans negatif dezòd klima a. Sa plis grav lè m konprann, se aksyon nou menm moun ki derègle klima a epi se gwo endistri nan peyi enperyalis yo ki koze dega sa a men, se pèp nan peyi apovri yo ki plis viktim de konsekans yo. (97 words)

2. Enpak: Ki enpak oubyen konsekans w ap wè?

- Ki enpak fè pi plis dega?

- Kouman kominote w oubyen kominote toupre w konprann chanjman klimatik? Eske moun yo sèvi ak tèm sa? Si non, kouman yo pale sou reyalte chanjman sa a?

R2- Nan ka Ayiti, plizyè kalite enpak vizib pou tout moun, tankou jan plizyè sous dlo yo sèch, gen rivyè ki sèch, sezon plantasyon yo chanje, sa ki koz peyizan yo pèdi anpil rekòt epi anviwònman an ap rive plis vilnerab paske anpil nan ti pye bwa ki te rete yo ap mouri. Malerezman, malgrè tout reyalte sa a, anpil moun nann kominote Ayisyèn nan pa rive konprann sa kap pase yo. Sitou nan kominote plis rekile yo, anpil moun kap obsève konprann chanjman klima a tankou se travay swadizan Bondye. Se pi plis sèk relijye yo ki sèvi ak apròch sa a pou manipile moun. (105 words)

3. Chanjman klimatik ak diskriminasyon ki chita sou kesyon ras ak lot kalite diskriminasyon: Rapòtè Espesyal la mete atansyon li sou ki enpak chanjman klimatik kominote pep nwa ap sible. Li byen dokimante moun nwa ki rete tout kote nan mond lan ap soufri enpak chanjman klimatik pi grav pase lòt kominote.

- Kouman ou konprann diskriminasyon ki chita sou kesyon ras nan kontèks sa a? Nou enterese nan refleksyon ou nan nivo peyi a—jan Ayiti se yon peyi nwa, epi li te premye peyi nwa nan mond lan—epitou nivo kominote a.

- Eske ou wè osinon viv lòt kalite diskriminasyon sou kèk kategori moun ki lakoz yo sibi konsekans osinon enpak chanjman klimatik? Ban nou plis detay. Pa egzanp: fanm, moun andikape, peyizan, kominote popilè

R3- Mwen panse menmsi nou poko note dirèkteman dikriminasyon ke chanjman klima li menm pote, men, se klè li aji sou baz diskriminasyon ki te deja egziste. Menmsi m pa gen ase detay sou sijè sa a, men mwen toujou tande jan reyalte tanperati a kapab aji sou koulè po moun. Sa pa yon sekre pou pèsòn, majorite peyi nwa yo trè vilnerab akoz yo se viktim zak piyaj gwo peyi enperyalis yo epi se peyi sa yo ki gen plis menas dezòd klima a. Menmjan pou Peyizan yo nan Ayiti, lè sezon platasyon rive pa stab, se yo ki plis afekte, menm bagay pou fanm yo ki plis itilize dlo nan fanmiy yo, se yo ki pis viktim rediksyon kantite dlo. (121 words)

4. Efò Konbat Chanjman Klimatik: Eske ou konn tande pale sou pwogram mondyal ki ap sipote jefo pou diminye konsekans chanjman klimatik an Ayiti? Si wi, ki kalite pwogram yo ye? Ki yès ki nan tèt yo?

- Eske ou okouran pwogram oubyen efò nivo mondyal pou adrese oubyen nou ta ka di mitige enpak chanjman klimatik?
- Eske otorite lokal nan zòn w ap viv la ap travay sou kesyon chanjman klimatik la, tankou nan bay enfòmasyon sou fenomene lan? Eske gen jefo otorite yo ap fè nan sans sa?
- Eske ONG ki ap entevni nan zòn lan ap travay sou kesyon chanjman klimatik la?
- Kouman ou wè efò ak pwogram sa yo?

R4- Mwen konn swiv kèk enfòmasyon sou Konferans entènasyonal pati konvansyon kad Nasyonzini yo kap mete atansyon sou dezòd klima. Mwen konn patisipe tou nan kèk atelye kote kèk òganizasyon Ayisyen tankou PAPDA ap ankouraje moun reflechi sou sijè a. Mwen konn tande kèk lòt òganizasyon kap pale sou chanjman klima tankou (GAFF) Gwoup aksyon frankofòn pou anviwònman, Mouvmen nasyonal sitwayen pou klima a. Gen gouvènman Ayisyen an atravè ògàn pwoteksyon sivil ki sou titèl ministè enteryè ki mete kanpe yon Striti ki rele COUPN nan nivo nasyonal, COUPD nan nivo depatmantal epi COUPC nan nivo kominal. Pèske tout aktè sa yo travay sèlman nan kesyon refleksyon ak sansibilizasyon pi plis men mwen poko okouran de aksyon konkrè kap pran sou dezòd klima nan peyi a. Epi m konn remake sansibilizasyon sa yo konn gen yon apwòch ki vize sèlman chanje konpòtman pèp Ayisyen an. (144 words)

5. Kòz ak Responsabilite: Nou rekonèt chanjman klimatik se yon reyalyte moun sou latè kreye; se pa yon pwosesis lanati bay nou. Ki yès ou kwè responsab pou kriz chanjman klimatik la? Sa vle di, ki aktè ekonomik, ki peyi, ki moun ou kwè se responsab pou dega n ap viv jounen jodi a?

- Kouman ou fè konnen sa?
- Eske ou kwè lòt moun nan kominote w okouran kòz la? Se enpòtan popilasyon Ayisyen konprann se pa nou menm ki kreye pwoblèm sa; memsi se nou menm k ap soufri anba li anpil
- Eske ou kwè li enpòtan pou popilasyon nan konprann ki yès ki responsab? Poukisa ou di wi oubyen non?

R5- Selon prèske tout rapò rechèch gro ekspè fè koz dezòd nan klima a, rezilta yo montre se gaz ki gen efè tèmik yo ki pi plis detwi enfrstrikti natirèl yo epi klima rive fache kont nou. Lèn konsidere se gwo endistri kapitalis yo ki kontwole pa boujwa yo ak peyi enperyalis yo ki pi gwo prodiktè gaz efè tèmik, sa fè nou konprann byen se gwo peyi enperyalis yo ki responsab dezòd klima a. Malerezman, se peyi eksplwate yo ki plis vilnerab epi ki gen plis menas ak konsekans dezòd klima. Nan ka Ayiti, se kolonizasyon ak piyaj ki detwi prèske tout resous peyi a. Malerezman, majorite pèp Ayisyen an, pa rive mete atansyon sou koz dezòd klima a, paske gen anpil manipilasyon kap fèt atravè legliz ak medya yo. Mwen kwè, si nou vle ajì toutbon vre nan bon kondisyon sou dezòd klima a, se obligatwa pou asire viktim yo byen konprann tout detay, sa ap fasilite konpreyansyon ak refleksyon pou rive pran meyè desizyon. (166 words)

6. Jistsi Klimatik: Ki sa vle di “jistis klimatik?” Ki aksyon ou kwè jistis klimatik ekzije nou prann?

R6- Jistis klimatik se yon nouvo konsèp ki poko klè, se pi plis moun ki konn li ak ekri ki itilize li. M konn pale ak kèk moun ki ki oze mande nan ki tribinal nap chèche jistis pou klima. Pou mwen menm, Jistis kloimatik la dwe ale nan sans pou konsyantize tout aktè yo, asire responsab yo pote reparsyon pou zak yo komèt epi pran desizyon pou anpeche nenpòt ki aktè kontinye pozo zak ki kapab antrave dezòd klima a. Tout aktè yo ta dwe enplike nan repare anviwònman an nan tout dimansyon. (93 words)

7. Laperèz: Ki sa ou pi plis pè ak reyalyte chanjman klimatik la?

R7- Pi gwo laperèz nou nan ka Ayiti se kriz dlo ki reprezante yon kalite dezas ki kapab afekte lavi nan peyi a. Epi nan kad jistis klimatik, nou pè pou aktè kap aji yo ta pase pa gouvènman Ayisyen an kip a gen oken lejitimite ou bay lajan yon seri ONG tankou USAID ki se ekspè nan gaspiye resous nan non pèp Ayisyen an pandan kondisyon lavi popilasyon an ap rive plis difisil. (73 words)

8. Repons Korèk: Si ou menm te yon direktè pwogram nasyonal pou mitige ak konbat chanjman klimatik an Ayiti, ki sa ou ta fè? Ki sa priyorite ou ta ye?

R8- Mwen kwè priyorite nan ka Ayiti ta dwe : Pran desizyon pou kanpe sou tout gwo projè ekstraktif ki gen enpak sou anviwònman an pi espesyalman enpak sou dlo, tankou pwojè min metal. Devlope yon plan kominikasyon ki fasilite tout moun jwenn bonjan enfòmasyon sou dezòd klima a. Devlope yon plan efikas pou repare tètwa a, sa nou ka rele yon kalite refòm agrè (Rebrazman, jesyon resous dlo) (69 words)

9. Lòt Ajou: Eske ou gen nenpòt ki lòt komante ou vle voye bay Rapòte Espesyal la?

R9- Lòt kòmantè m genyen se sou reyalite gouvènans peyi Ayiti. Ayiti ap soufri yon kalite kriz gouvènans sou enfliyans sendika anbasad gwo peyi yo (Corre groupe) sa nou rele enjerans, nan pran desizyon sou kiyès kap nan pòs pou gouvènè peyi. Sitiyasyon sa a lakoz se yo ekip moun ilegal, ilejitim, immoral, moun ki gen akizasyon krim sou do yo ki gen leve gouvènans peyi a. Majorité popilasyon an pa gen oken konfyans nan moun ki la yo paske yo pa gen oken volonte pou amelyore kondisyon lavi popilasyon an. Bagay plis enpòtan popilasyon an ap tann se Libète pou se Ayisyen yo ki deside sou ki moun kap dirije peyi a. Yon modèl resan ki montre atant sa a, se Akò 30 dawout 2021 an (Akò Montana). Toutotan pèp Ayisyen an pa gen yon gouvènman ki gen volonte ak kapasite pou oryante politik piblik yo nan sans enterè pèp la, nou pa kapab imajine mitije konsekans dezòd klima a. (160 words)

Nòt nan Entèvyou ak Kettly Alexandre ak Gislaine St Fleur, Mouvmman Fanm yo, Mouvmman Peyizan Papay (MPP)

- Kontak: Kettly Alexandre, +509 31 32 7817; kettlyalexandre@yahoo.fr

Entèvyou ki te fèt 1 jen ak 5 jen 2022

- 1. Chanjman klimatik:** Èske w konn tande pale de chanjman klimatik? Ki sa ki vin nan tèt ou lè ou tande tèm sa a? Ki jan ou konprann li?

Nou se viktim dezòd nan klima a. Lè lapli vini li twòp, lè li sèk li twò sèk. Se yon enjistis. Moun yo pa konprann reyalyte nan klima a. Yo pa konprann ke se aksyon imen yo ki lakòz sa. Kidonk, si gen travay ki ka fèt, li ta dwe fèt - pou fè moun konprann se pa peche yo ki lakòz sa - se pa volonte BonDye.

Jan mwen konprann chanjman klimatik la se sou fason klima a te konn ye a. Fason lapli a te konn ye ak fason sezon yo chanje. Peyizan yo te konn prevwa lè lapli pral tonbe, kounye a tout bagay yo mele – kounye a li pa klè lè se sezon lapli ak sezon sèch. Mwen wè l nan pèspektiv peyizan yo. Yo pa konprann poukisa bagay yo ap chanje a, poukisa yo paka plante anko. Li vin difisil pou moun yo adapte yo ak chanjman nan klima a. E mwen konprann ke se lèzòm ki lakòz sa, ak liberasyon CO2 a.

- 2. Enpak yo:** Ki enpak oubyen konsekans ou wè?

- Ki enpak ki fe plis dega ?
- Kouman kominote pa w la oubyen lòt kominote pwòch yo konprann chanjman klimatik la ? Èske yo itilize pawòl sa ? Si yo pa fè sa, kòman yo pale de sitiyasyon sa?

Moun ki afekte dirèkteman yo pa vrèman refere yo a “chanjman klimatik”, byen ke noumenm (MPP), nou komanse pale yo de chanjman klimatik la. Yo panse ke se rezilta peche, se volonte BonDye. N ap eseye ede yo konprann ke se pa sa li ye. Nou ap eseye ede yo konprann ke se debwazman, se izin yo ki lakòz sa.

Sechrès la se youn nan enpak chanjman klimatik la. Peyizan yo pa konn kisa pou yo plante nan tan sechrès sa. Rekòt yo vin mwens epi yap diminye, sa vle di ke revni yo ap desann tou. Peyizan yo paka viv ak sa latè a ba yo a. Sous dlo yo ap diminye tou, gen mwens dlo, epi peyizan yo paka travay san dlo. Gen kèk zòn an Ayiti ki prèske vin tankou dezè.

Youn nan konsekans yo se jèn moun yo ki pa vle travay latè poutèt sa. Yo vin dekouraje. Y ap vann tè yo oubyen yo kite yo, y ap achte moto pou yo ka fè chofè moto. Gen yon dal moun k ap kite pwovens yo pou yo al chèche lavi Pòtoprens. Sa ap fè kantite moun k ap viv Pòtoprens lan monte. Pifò moun ki nan zafè vyolans ak kidnapin yo nan Pòtoprens se pitit peyizan (oubyen ansyen peyizan). Sa yo se sitiyasyon ki lye ak enjistis sosyal.

Peyizan yo ale Repiblik Dominikèn tou. Se Ayisyen yo ki kenbe ekonomi R.D a nan: nan endistri konstriksyon an ak nan endistri agrikilti a. Epi y ap viv nan yon eta tankou prèske esklavaj nan Repiblik Dominikèn nan. Aprè sa, R.D. a lage pwodui agrikilti yo an Ayiti, sa ki vin koze yon enpak negatif sou pwodiksyon nasyonal la. Sityasyon sa montre ke se pa ke yo pa vle travay latè, paske peyizan yo al Repiblik Dominikèn pou travay nan domèn agrilti a.

Fanm ki se paran selibatè yo epi ki ap elve 4-5 timoun yo tou senpleman pa kapab siviv ankò. Yo gen yon ti moso tè, e kounye a, genyen anpil sechrès epi yo pa ka fè ase pou yo siviv. Vin genyen plis fanm ki bezwen prete lajan, prè enfòmèl ak to enterè ki wo pou achte manje nan men R.D. pou yo revann. Yo pa gen aksè a bon kredi pou agrikilti - yo abandone, yo eseye fè yon ti komès.

Sa ap kraze mòd lavi peyizan yo. Y ap pèdi tradisyon yo, gen chanjman nan lavi sosyal yo. Gen sous dlo avèk pye bwa ki te gen anpil siyifyans mistik ki pa egziste ankò. Sechrès la koze anpil pèt. Anpil tè soufri ak debwazman paske peyizan yo koupe anpil pye bwa nan chan yo, men sechrès la se lakòz debwazman, epi nou pèdi anpil sit ki te sakre pou vodou a.

Tandiske leta pa vle priorize agrikilti. Gen anpil defi nan peyi a e gouvènman an pa gen ankenn volonte pou l rezoud yo. Pifò nan bidjè nasyonal la ale nan prezidans lan ak fonksyonman administrasyon leta. Enpak klima yo lye ak move sityasyon politik la. Si pa t gen òganizasyon de baz an Ayiti peyizani a pa ta egziste ankò.

Genyen tou plis maladi ke nou pa t konnen avan. Moun yo te konn manje byen epi yo te konn viv nan yon anviwonman pwòp. Jodi a gen plis maladi tansyon, dyabèt, kansè. Poko gen yon etid sou sa, men nou konstate sa ak je nou.

Prèt yo ak pastè yo ap eksplwate sityasyon an, yo di chanjman sa yo se rezilta twòp “peche” epi Bondye fache. Men reyalite a se ke peche a se twòp aktivite k ap fè dega. Latè a vivan, Manman Latè a vivan, epi lè ou atake li, li reyaji.

3. **Laperèz** : Kisa ou plis pè nan reyalite chanjman klimatik la ?

Sa mwen pè a se akòz chanjman klimatik la frape moun ki pi vilnerab yo, e se peyizan yo, mwen pè pou klas peyizan an pa disparèt. Avèk inondasyon an, moun ki ap vòlè tè ak tout lòt bagay, tout klas sa a ka disparèt. Jèn yo ale nan R.D., oswa yo ale nan bidonvil yo epi yo kontribye nan enskirite a. Mwen pè pou ekonomi nou an – manje nou yo – pral antyèman depann sou lòt peyi yo. Nou deja depann anpil de yo. Mwen pè ke peyizan yo pral disparèt epi pral gen yon eksplozyon ibanizasyon.

Mwen pè anpil. Premyèman, ak reyalite chanjman nan klima a. Ou pral wè peyizan pèdi fason yo te konn manje. Manje diferan vle di maladi diferan. Lè sa a, nou pral wè anpil inondasyon rive, epi nou konnen sa pral koze anpil moun k ap mouri. Inondasyon pral rive, san moun pa konnen kijan pou yo reponn, ak yon gouvènman ki totalman irèsponsab ki pa konn kijan moun ap viv, ki pa reponn. E sa mwen pè a se ke plis jèn ap kite peyi a chak fwa. Yo pa ka travay tè a ankò, moun yo pa ka degaje yo, yo vin dekouraje epi y ap kite peyi a.

E mwen enkyete m pou fanm yo ki ap travay tankou peyizan yo, ki ap soufri anpil. Yo ap adapte tèt yo; yo rezilyan. Men, « rezilyans » aprè yon sèten tan pa bon. Ou pa ka adapte tèt ou ak tout sityasyon, li pa bon.

Men si pa gen yon bagay ki fèt nan nivo mondyal, mwen pè ke planèt la jis di « ase ». Mwen pè ke nou pral rive nan pwen kote nou pap kapab fè bak ankò. Mwen bezwen politè yo konprann. Mwen bezwen mond lan pran mezi reyèl pou tout bon pou limite pwopagasyon an.

Moun rich yo bezwen konnen tou pa gen lòt kote pou ale, pa gen lòt planèt. Men, se moun ki pi pòv yo ki souffri plis, se yomenm ki pi ekspoze. Sa mwen pè a se ke Brezil, Lachin, Peyi Zend, Etazini : ke yo pa aji ak konsyans ke planèt la an danje. Tè a ap mande padon. Sa se pi gwo pè mwen.

4. Chanjman klimatik ak diskriminasyon ki chita sou kesyon ras ak lòt tip diskriminasyon : Rapòtè Espesyal la enterese sou enpak chanjman klimatik la sou kominote nwa yo. Li byen dokimante ke moun nwa k ap viv nan tout mond lan se moun ki souffri pi plis nan enpak chanjman nan klima konpare ak lòt kominote yo.

- Ki jan ou konprann diskriminasyon rasyal la nan kontèks sa a? Nou enterese nan refleksyon ou yo nan nivo nasyonal la - kòm Ayiti se yon peyi nwa, e li te premye peyi nwa nan mond lan - ak nan nivo kominote a.
- Èske w wè oswa fè eksperyans lòt fòm diskriminasyon kont sèten kategori moun ki afekte fason chanjman klimatik la afekte yo an? Tanpri bay detay. Pa egzanp: fanm, moun andikape, peyizans, kominote travayè.

Peyi endistriyalize yo ki responsab polisyon planèt la, ki te kreye kriz klimatik la, se ansyen peyi kolonizatè yo. Lafrans, Etazini. Anpil nan peyi ki responsab yo gen yon pase tankou kolonizatè. E peyi ki plis souffri yo, se ansyen koloni yo. Nan Afrik, nan Endonezi. Nan Endonezi mwen kwè yo dwe deplase kapital la akòz chanjman nan klima a. Se yon fòm kolonizasyon ki kontinye nan yon pèspektiv klima—yon kolonizasyon klimatik. Kounye a, pral gen imigran klimatik tankou rezilta sa a. Gen anpil zòn kote moun pa ka viv ankò, yo oblije ale an Ewòp akòz enjistis klimatik. E sa kreye plis enjistis, plis inegalite. Moun ki pi pòv yo, koloni yo, plis souffri, epi ansyen kolonizatè yo se moun ki ap polye anviwonman yo.

Enjistis rasyal ak enjistis klimatik lye ansanm. Noumenm [Ayiti], nou se yon peyi ki gen zansèt ki soti nan peyi afriken yo e nou se ansyen koloni. Se menm bagay la an Afrik, Se moun ki nwa yo ki viktim yo pi plis. Chanjman klimatik la mache avèk enjistis rasyal, rive nan enjistis kont moun nwa, jiska rive nan moun ki se desandan ansyen esklav yo. Si w gade tout kote, wap wè ke se moun ki se desandan esklav yo ki plis souffri anba chanjman klimatik la. Ayiti se premye kominote nwa ki te libere tèt yo nan esklavaj. Epi nou se premye moun ki te oblije peye pou endepandans nou. Epi nou peye chè anpil. Dèt la te otan ke kat fwa pwodwi domestik brit anyèl nou an e nou te oblije prete lajan sa a nan men Lafrans. Enjistis sa a, tout enjistis sa a, kounye a ansanm ak chanjman klimatik vle di ke se nou menm, moun nwa, ki souffri plis. Nou menm ki se desandan esklav yo pi plis souffri ak chanjman klimatik la. E si mwen gade nan lòt peyi tou, pa egzanp nan Brezil oswa Ekwatè: la tou yo te pran moun ki soti nan Lafrik pou travay nan plantasyon epi si ou gade jodi a se moun ki pi afekte nan chanjman klimatik - ansanm ak moun endijèn pa egzanp nan Brezil - paske yo ap viv nan zòn ki pi frajil. Plis vilnerab a inondasyon, nan sechrès.

Menm anndan Ayiti, gade ki moun k ap souffri - se moun ki pi majinalize yo, sitou moun ki desandan esklav yo. Si nou gade nan boujwa an Ayiti se milat yo plis ye, ak lòt kilti ki soti nan Mwayen Oryan an. Se sitou moun ki pi blan, ki souffri mwens. Paske se yo ki rete nan pi bon zòn nan Pòtoprens, ki gen ekonomi an nan men yo. Ou gade enpak inondasyon ak siklòn yo epi moun ki plis afekte yo se moun pòv yo. Ou pa janm wè boujwa ki sibi anba inondasyon, se moun Site Solèy. Moun ki pi pòv yo. Se yon enjistis sosyal, epi li lye ak lòt fòm enjistis sosyal. Tout vyolans ki ap fèt yo, vyolans gang, se yon konsekans enjistis sosyal sa a tou. Se pitit peyizans ki tèlman eskli yo pa gen lavni. Epi jen sa yo se pitit ansyen esklav yo ye, se pa pitit moun ak po klè. Epi ki ap souffri pi plis akòz ensekirite? Se moun ki nan klas mwayen oswa pi pòv. Tout bagay sa yo

makònen. Mwen pa di pa gen yon boujwazi nwa - genyen - men depi lontan boujwazi an Ayiti se te moun ak po klè. Epi yo te trè rasis anvè nou menm ki se desandan moun ki esklav.

An Ayiti, wi se vre ke gouvènman an se moun nwa ki ladann, ak desandan esklav tou. Men, gouvènman an se esansyèlman nan sèvis yon oligachi ayisyen ki plizoumwens se moun ki gen orijin arab oswa siryen ki ladann. Gen yon diskriminasyon an Ayiti ki baze sou koulè po ou - se pa moun nwa ak blan men moun ki gen po ki pi klè gen plis avantaj estriktirèl nan sosyete a ak moun ki pi nwa yo soufri pi plis.

Se menm bagay la nan Gwatemala ou wè diferans ki genyen ant fason yo trete moun ki endijèn yo ak moun ki gen san melanje yo. Yo majinalize moun endijèn yo, mwen pa t wè okenn moun endijèn nan televizyon nan Gwatemala. Enpak klima a ap frape moun ki desandan afro nan peyi yo, mwen wè sa nan Ondiras tou. Yo se moun ki pi pòv yo ak dezòd klima a ap frape pi pòv yo.

5. Efò pou konbat kont Chanjman Klimatik la: Èske w konn tande pale de pwogram mondyal k ap sipòte efò pou diminye efè chanjman klimatik la ann Ayiti? Si se konsa, ki kalite pwogram yo ye? Ki moun ki ap dirije yo?

- Èske w okouran de pwogram mondyal oswa efò pou abòde oswa bese enpak chanjman nan klimatik la?
- Èske otorite lokal yo nan zòn ou an ap travay sou chanjman klimatik, tankou bay enfòmasyon sou fenomèn nan? Èske otorite yo fè efò nan sans sa a?
- Èske ONG nan zòn nan ap travay sou chanjman klimatik la?
- Kòman ou wè efò ak pwogram sa yo ?

Mwen pa wè otorite lokal yo swa pale oswa fè anyen sou chanjman klimatik la. Se sèlman òganizasyon lokal tankou MPP k ap travay pou pataje sa k ap pase yo, ki konsekans sa pral genyen, ki jan nou ka adapte nou. Epa ONG yo, epa otorite lokal yo. Nou ap eseye wè sou grenn ki ka adapte yo ak tan sèk yo. Peyizan yo bezwen konnen kijan pou yo adapte tèt yo. Men li ta dwe yon pwogram nasyonal.

Mwen ret kwè ke genyen on plan nasyonal, men se yon plan ki sou papye, mwen pa kwè ke se yon priyorite pou gouvènman an. Pa gen ankenn resous dèyè l, pa gen yon kad politik pi laj. Nou bezwen pi gwo defans nan nivo nasyonal la – yo te ka itilize rezo k ap travay sou akwo-ekoloji nan nivo nasyonal la pou sa. Via Campesina ap angaje tou nan defans entènasyonal la, Rapòtè Espesyal la ta dwe pale ak yo.

Dènye konferans lan (COP) te yon echèk. Pa te gen yon desizyon klè ki vreman kontrenn pi gwo politè yo e ki te di sa yo ta dwe fè pou redwi pwopagasyon an. Yo wè danje a devan yo, men gwo peyi endistriyèl yo pa gen volonte pou yo chanje. Yo mete yon sib 1.5 degre konsa, men pa gen anyen fòmèl ki vrèman kontrenn aksyon yo. Lachin te pran sèten aksyon, men gen kèk vil nan Lachin kote ou pa menm ka wè syèl la tèlman gen polisyon. Mwen denonse mache kabòn – pèmasyon li bay politè yo pou polye mond lan plis toujou epi pou yo jis peye pou polisyon yo san yo pa bezwen chanje anyen. Li se yon angajman endistriyalizasyon sou do lasante latè. Tè a ap montre nou ke li malad, epi manifestasyon an se chanjman klimatik la. Moun yo panse gen lòt planèt, men nou poko dekouvri li.

6. **Jistis klimatik** : Kisa « jistis klimatik » la vle di ? Ki aksyon ou panse jistis klimatik la mande nou poze?

Pou mwen, jistis klimatik se sou abòde ki konpansasyon yo pral bay? Ki konpansasyon yo pral bay peyi nou an k ap souffri nan dezòd klima a, kote n ap sibi anpil enpak ke nou pa ka viv, kote peyizan yo pa ka planifye epi yo pa gen kay ankò. Ki jistis yo pral bay moun sa yo?

Pi bon jistis la se pou politè yo sispann epi konprann ke planèt la an danje e ke yo bezwen sove li. Kwasans ekonomik sa sipoze lye avèk devlopman imen an. Sistèm kapitalis sa ap echwe. Nou pa ka jis ap gade pwofi yo san nou pa wè konsekans yo, nou bezwen gade byennèt moun yo. Jistis klimatik la dwe baze li sou chanjman a yon enkyetid ak byennèt moun yo, olye ke ankadreman dominan nou an ta baze li su yon kwasans ekonomik ki ale ansanm ak enjistis sosyal.

Pou mwen jistis klimatik la se sou fason nou chèche chanje sistèm nan ki kreye inegalite yo, mete yon sistèm ki plis imen ak pi konsène ak moun kòm moun nan mond lan. Nou dwe soti nan kwasans ekonomik a nenpòt ki pri epi oryante tèt nou sou fason moun ka viv pi byen nan mond lan. Se sa jistis klimatik la vle di pou mwen. Nou gen yon sèl kay, se nou ki pou sove tèt nou. Nou pa ka konte sou yon sistèm ki pouswiv devlopman ak kwasans ekonomik sou pri byennèt imen.

Repons ki apwopriye : siw te direktè yon pwogram nasyonal pou bese ak konbat chanjman klimatik an Ayiti a, kisa w t ap fè ? Kisa ki t ap priyorite ou ?

- Sensibilizasyon, ak peyizan, gouvènman, tout popilasyon an. Travay ak otorite lokal yo pou yo ka kòmanse pran responsablite yo.
- Anseye jèn yo sou chanjman klimatik, responsablite yo antan ke sitwayen.
- Etabli pepinyè plan pou moun ka planifye, ak yon sistèm kredi agrikòl. Rebwazman.
- Kreye yon sistèm pou jete fatra ak eseye debarase nou de itilizasyon plastik.
- O nivo entènasyonal, travay ak lòt moun pou pouse gwo politè yo pou yo vrèman pran responsablite yo: nou bezwen yon COP ki vle sove planèt la tout bon vre.
- Nan nivo lokal, nasyonal ak entènasyonal nou dwe mete fòs ak lòt peyi ak rezo pou mete presyon sou pi gwo peyi [politè] yo. Epi tou, mwen ta vle travay ak Via Campesina pou sipòte defans entènasyonal la, epi asire nou sove zòn nan planèt la ki reprezante yon byen komen pou limanite. Sa se yon rèv.